

**Panganggening Dwibasa dening Siswa PAUD KB Al Azhar
Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara
SKRIPSI**

**Dipun-ajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran
*Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan***



**Dening
Rizqi Prima Jalu Prastyatama
NIM 09205241055**

**PROGAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014
PASARUJUKAN**

PASARUJUKAN

Skripsi kaliyanirah-irahan *Panganggening Dwibasa dening Siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara* menika saged dipunuji awit sampun pikantuk palilah dening *pembimbing*.



Yogyakarta, Maret 2014

Dosen Pembimbing I,

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.

NIP. 19571231 198303 2 004

Yogyakarta, Maret 2014

Dosen Pembimbing II,

Avi Meilawati, S.Pd, M.A.

NIP. 19830502 200912 2 003

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Panganggenipun Dwibasa Dening Siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal Oktober 2013 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI			
Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum	Ketua Penguji		18/03/14
Avi Meilawati, M.A	Sekretaris Penguji		08/03/14
Nurhidayati, M.Hum	Penguji I		06/03/14
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum	Penguji II		10/03/14

Yogyakarta, Maret 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani

NIP.19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Rizqi Prima Jalu Prastyatama**

NIM : 09205241055

Prog. Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih skripsi menika kula piyambak ingkang nyerat. Wosing skripsi menika beda kaliyan skripsi ingkang sinerat dening tiyang sanesipun, kajawi bab tartamtu ingkang kula migunakaken dados pamanggih dhasar kaliyannjumbuhaken tata cara saha etika panyeratan. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, Februari 2014

Panyerat



Rizqi Prima Jalu P.

SESANTI

Jer Basuki Mawa Bea

PISUNGSUNG

Raos syukur dhumateng Allah SWT *karya ilmiah* menika kula pisungsungaken dhateng Bapak Tumingan, S.Km saha Ibu Farida Hendras Wiharti, ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga dhateng kula saengga saged njakepi panyeratan skripsi menika.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk wonten ing ngarsaning Allah SWT awit sampun paring kasarasan, kanikmatan, kabegjan, saha kabagyan satemah skripsi kaliyanirah-irahan “*Panganggening Dwibasa dening Siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara*”, sampun jangkep anggenipun nyerat. Skripsi menika minangka salah satunggaling sarat pikantuk gelar Sarjana Pendidikan.

Skripsi menika saged jangkep anggenipun nyerat awit sampun dipunsengkuyung saking pinten-pinten pihak. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M.Pd. M.A, minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan kangge nindakaken panaliten menika;
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi menika;
3. Dr. Suwardi, M.Hum minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun parin kalodhangan kangge nglampahi panaliten menika;
4. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum minangka pembimbing I saha Ibu Avi Meilawati, M.A minangka pembimbing II, ingkang sampun kersa paring bimbingan saha ngelmu ingkang migunani saengga skripsi menika saged dipunpungkasi kaliyansae;
5. Bapak Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh maneka warni inggih ingkang murakabi tumrap panyerat;
6. Bapak Tumingan, Ibu Farida Hendras Wiharti, Dik Shaquille Mentari Isnain Prastya Dita saha Dik Luqman Afzal Prastya Alia ingkang sampun paring panjurung saengga tansah tatag teteg satemah tutug tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun;
7. Kanca-kanca kelas B angkatan 2009 saha kanca-kanca kontrakan CJ 09 saha kontrakan Prapanca ingkang sampun paring panjurung anggenipun nyerat skripsi menika;
8. Staf karyawan FBS UNY ingkang sampun paring pambiyantu tumrap panyerat;

9. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa saha sedaya ingkang sampun paring pammbiyantu boten saged kula sebutaken sedaya, ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun.

Skripsi menika tasih dereng kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, panyerat nyuwun pamrayogi saha panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning asiling panaliten menika. Wasana, mugi skripsi menika sageda murakabi.

Yogyakarta, Februari 2014

Panyerat



Rizqi Prima Jalu P.

WOSING ISI

Kaca

IRAH-IRAHAN	I
PASARUJUKAN	Ii
PANGESAHAN	Iii
WEDHARAN	Iv
SESANTI	V
PISUNGSUNG	Vi
PRAWACANA	Vii
WOSING ISI	Ix
DAFTAR TABEL	Xii
DAFTAR LAMPIRAN	Xiii
SARINING PANALITEN	Xiv
DAFTAR SINGKATAN	Xv
 BAB I PURWAKA	 1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	4
C. Watesaning Perkawis	5
D. Wosing Perkawis	5
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangertosan	7
 BAB II GEGARAN TEORI	 8
A. Sociolinguistik	8
B. Masarakat Tutur	8
C. Komponen Tutur	9
D. Kontak Basa	11
E. Panganggening Basa	12
F. Pamilihing Basa	13
G. Alih Kode saha Campur Kode	14
a. Alih Kode	15

b. Campur Kode	16
H. Variasi Basa	17
1. Variasi Basa Saking Segi Panuturipun	18
2. <i>Variasi</i> Basa Saking Segi Panganggening	19
3. <i>Variasi</i> Basa Saking Segi Kaformalannipun	19
4. <i>Variasi</i> Basa Saking Segi Sarana	20
I. Dwibasa	20
1. Pangertosan Dwibasa	20
2. Guna Dwibasa	22
3. Wujud Dwibasa	23
J. Panaliten Ingkang Jumbuh	26
K. Nalaring Pikir	28
 BAB III CARA PANALITEN	 29
A. Jinising Panaliten	29
B. Sumbering Data	29
C. Panggenan saha Wekdal Panaliten	30
D. Anggenipun Ngempalaken Data	30
E. Pirantining Panaliten	32
F. Anggenipun Nganalisis Data	33
G. Anggenipun Ngesahaken Data	34
 BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN	 36
A. Asiling Panaliten	36
B. Pirembagan	50
1. Wujud saha Guna Dwibasa	51
a. Dwibasa Awujud Campur Kode	51
1) Dwibasa Campur Kode Wujud Tembung Lingga	51
2) Dwibasa Campur Kode Wujud Tembung Andhahan	57
3) Dwibasa Campur Kode Wujud Tembung Wancah	63
4) Dwibasa Campur Kode Wujud Tembung Rangkep	65
5) Dwibasa Campur Kode Wujud <i>Frase</i>	68
b. Dwibasa Awujud Alih Kode	72

1) Dwibasa Alih Kode Awujud <i>klausa</i>	72
2. Bab Ingkang Ndayani Panganggening Dwibasa.....	78
 BAB V PANUTUP	82
A. Dudutan	82
B. Pamrayogi	83
C. Implikasi	83
KAPUSTAKAN	85
LAMPIRAN	87

DAFTAR TABEL

	Kaca
Tabel 1 : Pirembagan Wujud saha Guna panganggening Dwibasa Siswa PAUD Al Azhar	36
Tabel 2 : <i>Analisis</i> wujud saha guna panganggening dwibasa dening siswa PAUD KB Al Azhar	87

DAFTAR LAMPIRAN

Kaca

A. TABEL ANALISIS DATA

Analisis wujud saha guna panganggening dwibasa dening siswa PAUD

KB Al Azhar 87

B. DAFTAR GAMBAR

1. Gambar 1.0 Foto Siswa saha Guru PAUD KB Al Azhar 140
2. Gambar 2.0 Foto Kahanan Pasinaonan 140
3. Gambar 3.0 Foto Pasrawungan Siswa 141

C. SURAT IZIN PENELITIAN

1. Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan Fakultas Bahasa dan Seni
2. Pemerintah Daerah Daerah Istimewa Yogyakarta Badan Kesbanglinmas
3. Pemerintah Provinsi Jawa Tengah Badan Kesatuan Bangsa, Politik dan Perlindungan Masyarakat
4. Pemerintah Kabupaten Banjarnegara Badan Perencanaan Pembangunan Daerah (BAPPEDA)

**PANGANGGENING DWIBASA DENING SISWA PAUD KB
AL AZHAR DESA BINORONG KECAMATAN BAWANG
KABUPATEN BANJARNEGARA**

**Dening Rizqi Prima Jalu Prastyatama
NIM 09205241055**

Sarining Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken panganggening dwibasa siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara. Panaliten menika ngandharaken wujud, ginanipun saha bab ingkang ndayani panganggening dwibasa wonten PAUD. Ingkang dipuntuturaken dening para siswanipun.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Data ing panaliten menika awujud rekaman tuturan ingkang ngemu dwibasa dening siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara. Sumber datanipun inggih menika pawicantenan siswa wonten sekolah saha wonten papan papan griyanipun. Panaliten menika dipuntliti kaliyan panaliten *Sosiolinguistik*. Teknik ingkang dipunginakaken ngempalaken data inggih menika metode cakap, teknik *rekam*, saha *teknik catat*. Data dipunanalisis migunakaken *teknik deskriptif* inggih menika panaliti ngandharaken wujud, guna saha *bab* ingkang ndayani panganggening dwibasa siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara. Kangge manggihaken *validitas* data migunakaken *validitas triangulasi teori*. Piranti ingkang dipunginakaken kangge mnektokaken *reliabilitas data* migunakaken uji *stabilitas*.

Asiling panaliten menika ngandharaken wujud dwibasa inggih menika campur kode saha alih kode. Campur kode arupi tembung saha *frase*. Dipuntingali saking wujud tembungipun, tembung saged dipunperang dados gangsal inggih menika tembung lingga, tembung andhahan, tembung rangkep, tembung camboran, saha tembung wancah. Alih kode arupi *klausa* saha ukara. Saklajengipun ginanipun dwibasa ingkang kapanggihaken wonten panaliten menika inggih wonten guna *instrumenal*, guna *regulatori*, guna *representasional*, guna *interaksional*, guna *personal*, guna *heuristik* saha guna *imajinatif*. Saklajengipun bab ingkang ndayani panganggening dwibasa inggih menika saking tiyang sepuhipun, papan sakiwa tengenipun griya, pasinaonan wonten sekolah saha menapa ingkang dados *hobi* utawi ingkang dipunremeni dening siswa.

DAFTAR *SINGKATAN*

Af	: Afzal (siswa)
AK	: Alih kode
BI	: Bunda Ida (guru)
CK	: Campur Kode
He	: Heuristik
Ia	: Ian (siswa)
Im	: Imajinatif
Ins	: Instrumental
Int	: Interaksional
It	: Ita (siswa)
Je	: Jenny (siswa)
KT	: Kelompok Tembung
Na	: Nayla (siswa)
Pe	: Personal
Re	: Regulatori
Ri	: Rio (siswa)
Rp	: Representasional
Sy	: Syifa (siswa)
Tb	: Tembung

BAB I PAMBUKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa minangka perangan ingkang boten saged dipunpisahaken saking gesangipun manungsa. Kanthi basa, manungsa saged nyariosaken maksud saha ancas dhateng tiyang sanes. Basa inggih menika piranti sesrawungan ingkang dipunginakaken dening manungsa nalika sesrawungan kaliyan tiyang sanes.

Manungsa minangka makhluk *sosial* mbetahaken sesrawungan kaliyan tiyang sanes. Sesrawungan migunakaken basa dados salah satunggaling piranti manungsa kangge *adaptasi* kaliyan papan sakiwa tengenipun. Chaer saha Agustina (2004:15) ngandharaken bilih basa menika asipat *unik* saha umum. *Unik* tegesipun gadhah ciri utawi sipat khas ingkang boten dipungadhahi dening basa sanes, lajeng umum menika tegesipun gadhah ciri ingkang sami kaliyan basa-basa ingkang sampun wonten.

Basa gadhah undha usuk utawi perangan ingkang dipunginakaken dening masarakat. Undha usuk saha perangan menika dipunperangaken kanthi adhedasar sosial, budaya, saha kahanan. Bab menika ingkang nuwuhaken maneka warni basa ingkang dipunginakaken dening masarakat. Saking panganggening basa masarakat tutur menika kaperang dados tigang jinis inggih menika masarakat *monolingual*, masarakat *bilingual* saha masarakat *multilingual*. Kahanan bebasan wonten masarakat *bilingual* (dwibasa) utawinipun *multilingual* (multibasa) menika saged dipunteliti kanthi *Sosiolinguistik*.

Pamilihing panganggening basa dening panutur boten kadadosan kanthi acak, kedah nimbang sakperangan bab, inggih menika sinten ingkang micanten, sinten ingkang dipunajak micanten, *topik* menapa ingkang dipunwicantenaken, saha wonten pundi prastawi tutur menika kadadosan. Dell Hynes wonten Chaer saha Agustina (1995) ngandharaken bab-bab ingkang paring dasar salah satunggaling prastawa tutur ing komponen-komponen tutur. Menapa ingkang dipunandharaken dening Hymes ngengingi aturan *sosial* bebasan, sejatosipun boten namung sambet kaliyan perkara panganggening basa, ananging ugi ngengingi ginanipun basa menika.

Perkawis ingkang gegayutan kaliyan *fenomena* dwibasa menika boten namung dados perkara *linguistik* kemawon, ananging dados perkara *politik*, *sosial*, saha *pendidikan* wonten ing panaliten menika panaliti *fokus* kaliyan panganggening dwibasa basa Indonesia – basa Jawa wonten ing papan sakiwa tengenipun siswa PAUD.

Wonten ing PAUD Al-Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara kathah warna-warninipun wicantenan dening setunggal tiyang dhateng tiyang sanes. Basa Jawi wonten PAUD Al-Azhar dados piranti pasinaonan. Guru menika asring migunakaken basa Jawi wontening pasinaonan kangge ngandharaken materinipun. Panganggening basa Jawi menika, dipunginakaken kangge wicantenan padintenan dening masarakat Desa Binorong. Basa Jawi ingkang dipunginakaken inggih basa Jawi dialek Bnayumasan kanthi tingkat tutur ngoko. Bab menika dados *kontradiksi* nalika mriksani kahanan

panganggening basa dening siswa PAUD Al-Azhar. Para siswa kathah migunakaken basa Jawi ingkang kacampur kaliyan basa Indonesia.

Panganggening dwibasa wonten PAUD Al-Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara menika saged dipuntingali saking tuladha tuturan ing ngandhap menika

Jenny : “**Deneng Afzal** *gak sekolah Bunda?*”

Tuturan menika salah satunggaling tuladha panganggening dwibasa wonten siswa PAUD Al-Azhar. Ukara menika dipunginakaken dening Jenny (siswa *PAUD*) kangge nyuwun priksa dhateng *Bunda* Ida kenging menapa Afzal (siswa *PAUD*) boten sekolah.

Tuturan menika tuladha dwibasa ingkang wujudipun campur kode, kenging menapa saged dipunwastani campur kode amargi wonten tuturan menika tembung ‘deneng’ saking basa Jawi dialek Banyumasan ingkang tegesipun saking Baoesastra Djawa inggih kenging menapa. Tembung ‘deneng’ menika dipunginakaken kacampur wonten *konstruk* ukara saking basa Indonesia. Tuladha menika dwibasa ingkang asring dipunginakaken dening siswa *PAUD* Al Azhar.

Adhedasar bab menika ingkang damel panaliti badhe neliti kahanan panganggening dwibasa dening siswa wonten sekolah menika.

B. Underaning Perkawis

Miturut dhasaring panaliten saged dipundudut kawontenan perkawis inggih menika:

1. Menapa kemawon wujud panganggening dwibasa ingkang dipunginakaken dening siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara.
2. Menapa kemawon ginanipun basa wonten panganggening dwibasa siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara.
3. Kenging menapa siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara migunakaken dwibasa nalika pawicantenan.
4. Basa menapa kemawon ingkang dipunginakaken dening PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara
5. Bab ingkang ndayani panganggening dwibasa dening siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara.

C. Watesaning Perkawis

Awit saking perkawis dwibasa menika, panaliten ingkang badhe dipunrembag dipunwatesi kaliyan perkawis ing ngandhap menika.

1. Wujudipun dwibasa ingkang dipunginakaken dening siswa PAUD Al Azhar.
2. Ginanipun basa ingkang dipunginakaken wonten ing panganggening dwibasa siswa PAUD Al Azhar.
3. Bab ingkang ndayani panganggening dwibasa dening siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara.

D. Wosing Perkawis

Miturut wosing perkawis menika, perkawis-perkawis ingkang badhe dipunkaji inggih menika.

1. Wujud dwibasa menapa ingkang dipunginakaken dening Siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara?
2. Ginanipun dwibasa menapa ingkang dipunginakaken dening Siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara?
3. Menapa kemawon bab ingkang ndayani panganggening dwibasa dening siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten dwibasa wonten siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara ancasing makaten.

1. Ngandharaken wujudipun dwibasa ingkang dipunginakaken dening Siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara.
2. Ngandharaken ginanipun dwibasa ingkang dipunginakaken dening siswa saha siswi PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara.
3. Ngandharaken bab-bab ingkang ndayani panganggening dwibasa siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara.

F. Paedahing Panaliten

Paedahing panaliten babagan dwibasa wonten siswa *PAUD* menika dipunperang dados kalih, inggih menika:

a. Paedahing Teoritis

Asiling panaliten menika kaajab saged paring paedah kangge ngrembakakaken kawruh saha paring pambiyantu kangge panaliti salajengipun ingkang wonten sambet rapetipun kaliyan panganggening dwibasa khususipun basa Jawi dhateng basa Indonesia, saha kangge nambah dhata panaliten babagan dwibasa basa Jawi.

b. Paedahing Praktis

Kangge masarakat ing PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara, panaliten menika wonten paedahipun kangge pembinaan Basa Jawi, mliginipun sakmenika *PAUD* kedah migunakaken basa jawa kangge basa piwulanganipun.

G. Pangertosan

Irah-irahan panaliten menika inggih Panganggening Dwibasa siswa *PAUD* Al-Azhar kangge njumbuhaken pamikiran kita dhateng irah-irahan menika badhe dipunadharaken babagan *konsep* wonten ing ngandhap menika:

1. Basa Jawi

Basa Jawi inggih menika piranti sesrawungan masarakat Jawi. Wonten ing padintenan masarakat kasebat kathah dipunpanggihaken panganggening basa Jawi kanthi sinerat utawi kanthi lisan. Basa Jawi ingkang dipunginakaken wonten PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara inggih basa Jawi dialek Banyumasan.

2. Dwibasa

Dwibasa inggih menika sedaya ingkang gegayutan kaliyan panganggening kalih basa utawi kode basa. Menawi dipunkaji saking sosiolinguistik, bilingualisme dipunartosaken dados panganggening kalih basa dening panutur wonten pawicantenan kanthi gantosan.

3. PAUD

PAUD inggih menika satuan pendidikan ingkang paling alit ingkang asipat informal. PAUD menika gadhah ancas damel siswa supados siap kangge nglajengaken dhateng pendidikan dhasar. Siswa *PAUD* menika saking umur kalih taun ngantos sekawan taun.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Sociolinguistik

Sociolinguistik inggih menika salah satunggaling ngelmu basa ingkang ngandharaken bab-bab panganggening basa dening masarakat basa, mliginipun *variasi basa* ingkang gegayutan kaliyan panganggening basa ing masarakat. Miturut Chaer (1994: 2) *Sociolinguistik* inggih menika *subdisiplin* ngelmu *linguistik* ingkang nedahaken ngelmu basa gayut kaliyan panganggening basa ing masarakat.

Pateda (1999: 6) ugi ngandharaken bilih *Sociolinguistik* inggih menika ngelmu basa ingkang empiris amargi ngelmunipun adhedhasar saking kasunyatan-kasunyatan ingkang dipuntingali saben dinten.

Saking pamanggih ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih *sociolinguistik* inggih menika ngelmu basa ingkang nedahaken gegayutan antawisipun masarakat kaliyan basa (*linguistik*), kajianipun inggih menika masarakat tutur, *variasi basa* ingkang dipunginakaken saha bab ingkang ndayani pamilihing basa minangka sarana sesrawungan ing masarakat.

B. Komponen Tutur

Prastawa tutur inggih menika kawontenan wicantenan linguistik ing satunggal ujaran utawi langkung. Prastawa tutur inggih menika nalika penutur nglajengaken sesrawungan kaliyan *mitra tutur* ingkang ngrembag satunggal pokok tuturan

wonten ing wekdal, panggenan saha kahanan tartamtu (Chaer saha Agustina, 1995 : 1-2)

Dell Hymes wonten Chaer saha Agustina (1995: 48-49) ngandharaken bilih pawicantenan sakmenika gadhah wolung komponen, wolung komponen menika saged dipuncakakaken dados SPEAKING. Wolung komponen inggih menika:

1. *Setting and scene*. Setting menika gegayutan kaliyan wekdal saha panggenan prastawa tutur menika kalajengaken, menawi *scene* menika gayut kaliyan kahanan panggenan saha wekdal utawi kahanan psikologis nalika pawicantenan.
2. *Participant* inggih menika sinten kemawon ingkang nglajengaken pawicantenan utawi tuturan. Kahanan sosial *participant* saged nemtokaken ragam basa ingkang dipunginakaken.
3. *Ends* ngandharaken bab maksud saha ancasing tuturan.
4. *Act sequence* inggih menika wujud ingkang wicantenan saha isinipun wicantenan. Wujud ingkang wicantenan menika gegayutan kaliyan tembung-tembung ingkang dipunginakaken, kados pundi panganggenipun saha gayut kaliyan menapa ingkang dipunwicantenanaken saha topik pawicantenan.
5. *Key* menika ningali prastawa tutur saking nada, cara saha *semangat* nalika *pesan* dipunandharaken. Sakmenika inggih saged dipuntingali kaliyan ewahing badan saha isarat.
6. *Instrumentalities* inggih ningali saking kados pundi basa menika dipunginakaken. Wonten kalih jinis inggih menika lisan saha seratan.

7. *Norm of information and interpretasion* inggih ningali pawicantenan saking norma utawi pranata ingkang dipunginakaken nalika wicantenan.
8. *Genre* mendhet paugeran saking jinis saha wujud andharan, wujudipun inggih menika narasi, puisi, pepatah, donga saha sapanunggalanipun.

Saking andharan SPEAKING ing inggil saged dipunmangertosi bilih nalika tiyang badhe wicantenan menika kedah migatosaken konteks tuturipun, menapa ingkang badhe dipunwicantenanaken, sinten kemawon ingkang dipunajak wicantenan utawi kadospundi caranipun wicantenan ingkang sae. Kaliyan makaten saged nuwuhaken kasarasan antawisipun panutur dhateng mitra tutur utawi bab ingkang dipunrembag supados boten wonten beda pamanggih.

C. Kontak Basa

Kontak basa inggih menika aruh-aruh basa dening basa sanesipun, langsung menapa boten langsung (Hastuti, 1989:18) saking pangertosan menika, basa kalebet *kontak* menawi angsal pangaribawa saking basa sanesipun nalika dipunginakaken kaliyan penutur basa. Dados, *kontak* basa menika dipunlampahi dening penutur piyambak kaliyan *individu*. Boten namung menika, *kontak* basa kawontenan saking kahanan *kontak sosial*, inggih menika kahanan nalika salah satunggaling tiyang sinau basa nomer kalih wonten masarakat (Suwito,1982:34). Wonten kahanan *kontak sosial* menika dipunbedakaken bab, kahanan sinau basa, proses pamanggihipun basa, saha tiyang ingkang sinau basa.

Pangertosan sanes ngengingi *kontak* basa, inggih menika pangaribawa basa setunggal dening basa sanes, inggih langsung menapa boten langsung saha damel

ewahan basa saking basanipun ekabasawan (Mackey ing Suwito, 1982:34). Miturut pangertosan menika *kontak* basa ingkang menapa ingkang dipunlampahi dening panutur setunggal badhe paring ewahan basa kangge *individu* panutur basa sanes. Panutur ingkang saderengipun ekabasawan kaliyan kawontenan *kontak* basa ndadosaken piyambakipun dados dwibasawan. Bab menika kawontenan amargi wonten pangaribawa saking perangan-perangan basa ingkang dipunkontak. Wonten sambet rapetipun kaliyan kontak basa (Weinreich, 1952:1) njlentrehaken bilih *kontak* basa dadosaken *transfer*, inggih menika pindahan perangan-perangan saking setunggal basa dumugi basa sanesipun. Lajengipun, piyambakipun ngendika bilih kontak basa kawontenan menawi kalih basa utawi langkung dipunginakaken gantosan.

Saking saperangan andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih kontak basa kawontenan menawi wonten pangaribawa saking kalih utawi langkung kathah basa dening panutur ingkang sami. Boten namung menika, kontak basa damel wontenipun panutur ingkang dwibasan saha kawontenan wonten *situasi kontak sosial*. *Kontak* basa ngengingi sedaya prastawa *akulturasi* antawis saperangan basa ingkang dadosaken wontenipun panganggening basa kaliyan panutur wonten *kontak sosial* saha kapanggihaken wonten kedwibasan.

D. Panganggening Basa

Leech (1993:15) ngandharaken bilih kawontenan ngengingi panganggening basa kanthi *komunikatif* kalebet wonten bab *pragmatik* umum. Panganggening

basa ingkang dipunginakaken wonten *komunikasi* kanthi limrah dipunsebat *pragmatik umum*. Panganggening basa ingkang beda-beda wonten ing masarakat Cina, India, utawi Amerika, Menika tuladha-tuladha *kajian sosiopragmatik* amargi nyirataken kahanan-kaanan *sosial* ingkang beda-beda. Kajaba menika ngaturaken basa inggih menika ngaturaken *pesan (message)* dumugi tiyang sanes. *Kualitas* saking padamelan bebasan ingkang sae saha pener katingal saking kados pundi caranipun ngaturaken pesan kaliyan *efektif*.

Saking uraian wonten nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih panganggening basa inggih kadospundi basa menika dipunginakaken, wonten sesambetanipun kaliyan ingkang badhe dipunancasi. Menawi dipungayutaken kaliyan panaliten menika panganggening basa dening lare PAUD sesambetan kaliyan sinten ingkang badhe wicaantenan.

E. Pamilihing Basa

Pamilihing basa miturut Fasold (1984;180) boten ringkes kados ingkang dipunpikiraken, kadasta milih salah satunggaling basa saking sedaya basa (*whole language*) ingkang dipunmangertosi dening setunggal panutur. Nalika wonten pawicantenan, salah satunggaling tiyang ingkang gadhah kaprigelan basa langkung saking setunggal kaprigelan basanipun kedah milih basa ingkang badhe dipunginakaken. Umpaminipun, tiyang ingkang gadhah kaprigelan nguwasani basa Jawi saha basa Indonesia, nalika pawicantenan kedah milih saking salah satunggaling basa ingkang sampun dipunkuwasani nalika pawicantenan.

Wonten pamilihing basa kalebet tiga kategori pamilihing basa. Ingkang nomer setunggal inggih, kaliyan milih setunggal *variasi* saking basa ingkang sami (*intra language varitation*). Menawi panutur basa Jawi wicantenan kaliyan tiyang sanes migunakaken basa Jawi krama. Kalih, kaliyan nindakaken alih *kode* (code switching), tegesipun migunakaken setunggal basa nalika setunggal pawicantenan saha migunakaken basa sanes nalika pawicantenan sanesipun wonten setunggal prastawa pawicantenan. Tiga, kaliyan nglampahi campur *kode* (*code mixing*) tegesipun migunakaken setunggal basa tartamtu kaliyan kacampur kaliyan perangan-perangan basa sanes.

Saking pamanggih wonten inggil menika saged dipnpendhet dudutanipun bab pamilihing basa inggih menika, kaprigelan panganggening basa dening tiyang ingkang gadhah kaprigelan basa langkung saking setunggal basa. Pamilihing basa menika dipunginaakaken nalika tiyang nglajengaken pawicantenan kaliyan tiyang sanes.

F. Alih Kode saha Campur Kode

Masarakat ingkang migunakaken dwibasa kanthi nimbang supados *kode* ingkang dipunginakaken saged dipunpahami dening *mitra* tuturipun menapa boten. Basa-basa ingkang beda kasebat dipunginakaken nalika *situasi* utawi kahanan tartamtu, saha pilihan panganggeningipun wonten sambet rapetipun kaliyan kahanan *sosial* (Hudsun, 1996:52) ingkang dipuntuju kaliyan Hudsun inggih Panganggening *kode* tartamtu inggih *konsekuensi* ingkang boten saged dipuntilaraken saking masarakat dwibasa. Saben panutur mliginipun gadhah

pepinginan ngimbangi basa ingkang dipunginakaken dening *mitra tuturipun*. Masarakat ingkang saged wicantenan kaliyan dwibasa temtunipun saged nggantos *kode* ingkang dipunginakaken trep kaliyan kahanan saha kondisi nalika pawicantenan.

Pokok perkawis wonten *alih kode* saha campur *kode* beda kaliyan pokok perkawis wonten interferensi. Miturut Isnan S wonten Yulia Matmaunah (2008:30) wonten prastawa *interferensi*, ingkang dipungatosaken namung wonten basa ingkang dipuntampi ingkang angsal “*gangguan*” saking *unsur-unsur asing*. Ewondene wonten *alih kode* saha campur *kode* sasaranipun wonten ewahipun basa-basa ingkang dipunginakaken dening panutur ingkang angsal pangaribawa saking jaba utawi saking sajroning dhirinipun panutur.

Saking wontenipun kaprigelan nguwasani kalih basa, *alih kode* saha campur *kode* saged dipunpanggiaken wonten tuturipun siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara. Wonten panaliten menika badhe dipunandharaken wujud *alih kode* saha campur *kode* saha *faktor* sosial pananda *alih kode* saha campur *kode*.

a. *Alih Kode*

Alih kode (code switching) inggih salah satunggaling wujud panganggening basa dening dwibasawan, inggih panganggening langkung saking setunggal basa dening dwibasawan ingkang wicantenan kaliyan cara milih salah satunggaling *kode* basa dipunjumbuhaken kaliyan kahanan (Hudsun, 1996:51-53). Wonten kalih jinis *alih kode*, inggih menika *Situational code-switching* saha *Metaphorical code-switching* (Hudsun. 1996:52-53).

Situational code-switching inggih menika kawontenan ewahipun basa kaliyan kawontenan amargi wontenipun ewahipun kahanan. Salah satunggaling dwibasawan migunakaken setunggal basa wonten kahanan tutur saha migunakaken basa ingkang sanes nalika situasi tutur ingkang sanes. Alih *kode* jinis menika dipunparingi nama *Situational code-switching* amargi ewahipun basa-basa dening dwibasawan sami sareng kaliyan ewahipun kahanan *eksternal* dhateng kahanan *eksternal* sanesipun.

Jinis alih *kode* ingkang nomer kalih inggih *Metaphorical code-switching*, inggih menika nalika ewahipun topik mbetahaken salah satunggaling basa ingkang dipunginakaken. Alih *kode* menika kadaeane menawi panutur ngraos bilih sakperangan tembung utawi ukara ingkang dipunpocapaken kaliyan basa sanes.

Saking pangertosan ing inggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih alih kode menika salah satunggaling wujud panganggening dwibasa. Alih kode wonten kalih jinis inggih menika *Situational code-switching* saha *Metaphorical code-switching*.

b. Campur Kode

Campur *kode* (*code-mixing*) inggih menika wujud panganggening basa sanesipun dening dwibasawan. Beda kaliyan alih *kode*, wonten ewah basa dening dwibasawan dipunsebabaken amargi wontenipun ewahing kahanan. Wonten campur *kode* ewahipun basa boten dipunsarengi kaliyan wontenipun ewahing kahanan (Hudson, 1996:53) ingkang dipunandharaken dening Hudson menika

campur kode inggih beda kaliyan alih kode, amaragi wonten campur kode menika boten dipunsarengi kaliyan ewah-ewahan kahanan.

Miturut Isnan S wonten Yulia Matmaunah (2008:32), campur *kode* dipuntindhakaken dening panutur boten namung amargi alesan kahanan nalika kawontenanipun interaksi verbal, ananging kaliyan sebab-sebab ingkang sipatipun bebasan. Sumber campur *kode* saged saking kaprigelan bebasan, saged ugi saking kaprigelan pawicantenan. Saking pamanggihipun Isnan saged dipunpendhet dudutanipun menawi campur *kode* menika kawontenan amargi panutur sampun kulina migunakaken basa campur supados gampil wicantenanipun dados asiling saking sistem budaya, sistem sosial utawi sistem kapribadin, gejala menika sumber saking kaprigelan pawicantenan.

G. Variasi Basa

Miturut pamanggihipun Wardaugh (1986: 22) *variasi* basa inggih menika cara priyantun ngandharaken unen-unen, tembung, lan titikan *gramatikal* ingkang kadayan dening *faktor eksternal*. *Faktor eksternal* menika kadosta *faktor geografis* saha *faktor sosial*. Tuladhanipun *variasi* basa ingkang kenging daya dening *faktor geografis* inggih menika *dialek*. Kangge ngandharaken tembung *ana* ‘ada’ ing basa Jawi dialek Banyumas dipunlisanaken [ana] dene ing basa Jawi dialek Yogyakarta-Surakarta tembung kasebat dipunlisanaken [ɔno].

Kawontenan masarakat ingkang werni-werni ndayani wernining *variasi* basa. Suwito (1983: 3) ngandharaken menawi *variasi* basa boten namung dipuntemtokaken dening *faktor linguistik*, ananging dipuntemtokaken ugi dening

faktor non lingistik. *Faktor linguistik* menika ngengingi panganggening basa ingkang wonten gayutanipun kaliyan unen-unen, tata wujudipun tembung, tata ukara, saha tata makna. *Faktor nonlinguistik* inggih menika ngengingi panganggening basa ingkang wonten gayutanipun kaliyan *faktor sosial*. Awit saking menika, ingkang ngengingi bab *faktor sosial* saged dipunpirsani saking yuswa, jinisipun kelamin, pakaryan, pendidikan, *status sosial* utawi *sosial-ekonomi*, saha kathah kagiyatan.

Gegayutan kaliyan *variasi* basa ing inggil, Chaer lan Agustina (2004: 62) mbedakaken *variasi* basa. Jinisipun *variasi* basa miturut Chaer lan Agustina saged dipunbedakaken saking segi (1) panutur, (2) tiyang ingkang migunakaken, (3) *keformalan*, lan (4) sarana.

1. *Variasi* Basa Saking Segi Panuturipun.

Variasi basa saking segi panuturipun inggih menika *variasi* basa ingkang asipat *individual*. Jinisipun *variasi* basa saking segi panuturipun saged kaandharaken ing ngandhap menika.

- a. *Idiolek* inggih menika tuturipun priyantun ingkang kadyan dening *faktor fisik* saha *faktor psikis*. Tuladhanipun inggih menika wonten priyantun ingkang micantenipun lirih ananging cepet, wonten priyantun ingkang micantenipun seru ananging alon.
- b. *Dialek/dialek geografis* inggih menika *variasi* basa wonten ing daerah *geografis* tartamtu. Dialek basa Jawi kathah jinisipun, antawisipun dialek Yogyakarta-Surakarta, *dialek* Banyumasan, saha dialek Jawi Timuran. Tuladha dialek basa Jawi inggih menika kangge ngaturaken *kulå* wonten ing dialek

Banyumasan migunakaken tembung ‘inyong’, menawi ing *dialek* Yogyakarta-Surakarta migunakaken tembung ‘aku’.

- c. *Kronolek* utawi *dialek temporal* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken ing jaman tartamtu. Wujudipun *kronolek* menika kados dene *variasi* basa Indonesia wonten ing taun 1930, taun 1950, saha *variasi* basa ing jaman samenika. Tuladha sanesipun inggih menika basa Jawi Kina lan basa Jawi Enggal.
- d. *Sosiolek / dialek sosial* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunsebabaken dening bedanipun kelas sosial panuturipun. *Sosiolek* taksih saged dipunperang dados maneka warni *variasi* basa. Perangan menika saged dipunbedakaken adhedhasar tingkat golongan, status, lan kelas sosial panuturipun (*akrolek, basilek, vulgar, kokial, slang, jargon, argon, lan kan/ cant*).

2. *Variasi* Basa Saking Segi Panganggenipun.

Variasi basa adhedhasar panganggenipun dipunsebat *fungsiolk, ragam, utawi register*. *Register* inggih menika ragam ingkang dipunginakaken kangge maksud tartamtu. Basa ingkang dipunginakaken wonten ing bidang *militer, kasusastran, jurnalistik*, saged dipungolongaken minangka *register*.

3. *Variasi* Basa Saking Segi Kaformalannipun.

Variasi basa adhedhasar kaformalanipun dipunperang dados gangsal, antawisipun *ragam frozen, ragam formal, ragam usaha / konsultatif, ragam casual, saha ragam intimate*.

- a. *Gaya/ ragam beku/ frozen* inggih menika ragam ingkang dipunginakaken kangge swasana resmi, *khidmad*, saha paugeran ingkang sampun gumathok.

- b. *Gaya/ ragam resmi/ formal* inggih menika ragam basa ingkang dipunginakaken wonten ing buku pelajaran, rapat dinas, saha layang resmi. Ragam menika dipunsebat *ragam standar/ baku* ingkang dipunginakaken ing swasana resmi.
- c. *Gaya/ ragam usaha/konsultatif* inggih menika ragam basa ingkang dipunginakaken wonten ing pawicantenan biasa ing sekolah/ rapat. Ragam menika antawisipun *ragam formal* lan *ragam santai*.
- d. *Gaya/ ragam santai/ casual* inggih menika ragam ingkang dipunginakaken ing swasana santai utawi boten resmi. Tembung-tembung ingkang dipunginakaken kadayan dening *unsur dialek*.
- e. *Gaya/ ragam akrab/ intimate* inggih menika ragam ingkang dipunginakaken antawisipun tiyang ingkang kekancan kaliyan raket utawi kulawarga. Ragam menika kathah dipunginakaken *kode* ingkang asipat *pribadi*. *Kode pribadi* menika namung dipunmangertosi dening kelompok priyantun ingkang migunakaken ragam *intimate* kasebut.

4. *Variasi* Basa Saking Segi Sarana.

Variasi basa saged dipunpirsani saking segi sarana utawi jalur ingkang dipunginakaken. *Variasi* basa adhedhasar sarana ingkang dipunginakaken menika saged dipunbedakaken dados *ragam lisan* saha *ragam tulis*.

Ragam lisan inggih menika basa ingkang dipunginakaken nalika pawicantenan. Menawi ragam tulis inggih basa ingkang dipunginakaken wonten panulisan cerkak, geguritan, pawartos lan sapanunggalane.

H. Dwibasa

1. Pangertosan Dwibasa

Basa minangka sarana ingkang wigatos wonten pawicantenan antawisipun manungsa miturut Chaer saha Agustina (1995: 14) ginanipun utama basa inggih menika dados alat pawicantenan. Ananging miturut Sumarsono saha Pratana (2002:19), sosiolinguistik ningali basa minangka pola laku sosial (*sosial behavior*) ingkang dipunginakaken wonten pawicantenan sosial. Ujaran manungsa menika dados basa menawi wonten kalih tiyang utawi langkung netepaken menawi saperangkat swanten menika gadhah tegesingan arupa sami (Santosa 2009:1.2) saking pamanggihipun Santosa menika saged dipunpedhet dudutanipun Umumipun basa inggih menika salah satunggaling wujud ungkapan ingkang wujud dasaripun ujaran. Ujaran menika ingkang mbedakaken manungsa kaliyan makhluk sanesipun. Kaliyan ujaran menika manungsa saged ngandharaken menapa ingkang nyoto utawi boten, ingkang wonten wujudipun menapa boten katingal wujudipun, kahanan sakmenika, kahanan kala wingi saha kahanan ingkang sakngajengipun.

Dwibasa inggih menika sedaya ingkang gegayutan kaliyan panganggening kalih basa utawi *kode* basa, kaliyan sosiolinguistik, *bilingualisme* dipuntegesaken dados panganggening kalih basa panutur wonten pawicantenan padintenan kaliyan tiyang sanes kaliyan gantos (Mackey 1962:12) ingkang dipunancassi dening Mackey inggih wondene dwibasawan inggih menika tiyang utawi masarakat ingkang saged migunakaken kalih basa utawi langkung saking kalih basa. Kaprigelan dwibasa tiyang boten kedah sampurna, ananging cekap wonten

kaprigelan minimal kemawon utawi saged ngangge utawi mangertosi salah satunggaling ukara wonten kalih basa.

Istilah dwibasa miturut Nababan (1986:27) dipunginakaken kangge kalih konsep. Ingkang kaping setuunggal, dwibasa adhedasar kaliyan kaprigelan panganggening kalih basa. Kaping kalih, adhedasar kaliyan limrahipun panganggening kalih basa. ningali kaprigelan tiyang saged dipunwastani dados dwibasawan menawi tiyang menika saged damel ukara jangkep ingkang ngandhut teges saking basa kalihipun.

Adhedasar sakperangan *definisi* saking sakperangan tokoh wonten ing inggil, panaliti mundhut dudutan bilih *definisi* dwibasa ingkang dipunginakaken nalika panaliten menika inggih kaprigelan lare miginipun kalih basa, kaliyan tingkat kaprigelan dwibasa salahsatunggaling tiyang boten kedah sampurna, utawi kaprigelan mangertosi salah setunggaling ukara saking kalih basa.

2. Guna Dwibasa

Halliday (ing Tarigan, 1986:5) ngandharaken ginanipun basa dados mekaten.

a. Gina *Instrumental*

Gina menika basa kangge piranti panutur supados angsal menapa ingkang dipunkarepaken saking *mitra* tuturipun. Gina menika saged nyebabaken prastawa-prastawa tartamtu. Gina instrumental menika minangka padamelan komunikatif ingkang ngasilaken kahanan tartamtu.

b. Gina *Regulatori*

Gina regulatori menika dipunginakaken panutur kangge paring pangaribawa dhateng tiyang sanes.

c. *Gina Representasional*

Gina menika migunakaken panganggening basa kangge damel andharan-andharan kangge ngandharaken kasunyatan saha pangertosan, ngandharaken saha nglaporaken. migunakaken ujaran nggambaraken (*to represent*) kahanan ingkang nyata.

d. *Gina Interaksional*

Gina menika dipunginakaken kangge damel kalajengan *komunikasi sosial*.

e. *Gina Personal*

Gina menika paring kalodhangan dhateng panutur supados saged ngekspresikaken raos, emosi, saha pribadi.

f. *Gina Heuristik*

Gina menika nggayutaken panganggening basa kangge piranti angsal pangertosan. Gina *heuristik* asring dipunaturaken nalika wonten pandangon-pandangon ingkang nuntut wonten wangsulanipun.

g. *Gina Imajinatif*

Ginanipun menika nglayani pandamelanipun sistem-sistem utawi gagasan ingkang asipat imajinatif kadasta ndongeng, maos cerita saha maos lawakan.

Saking bab-bab wonten nginggil menika saged dipundudhut bilih saben panutur ngajengaken asiling tanggepan kangge pesan ingkang dipunadaraken sami kaliyan ancasipun nglampahaken tuturan. Ancasipun panutur menika gegayutan kaliyan ginanipun-ginanipun basa. Ancas ingkang beda nuntut panganggening

ingkang beda ugi, saha asilipun utawi tanggepan ingkang dipunkajengaken saking *mitra tutur* ugi beda.

3. Wujud Dwibasa

Wujud dwibasa saged dipunperang dados kalih, wonten wujud tembung saha frasa. Wujud dwibasa badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

a. Tembung

Tembung miturut Mulyana (2009:32) inggih menika minangka *satuan* basa ingkang langkung *mandiri, bebas*, lan gadhah teges ingkang wutuh saha jangkep. Tembung saged kaperang saking setunggal *morfem* dipunsebat tembung lingga utawi *morfem* sederhana. Tembung mujudaken rerangkening swara ingkang kawedhar dening lisan ingkang ngemu teges saha kasumurupan suraosipun. (Wibawa dkk, 2004:1). Wujud tembung ingkang kalebet dwibasa kaperang dados tiga, mekaten :

1) Tembung Lingga

Tembung lingga inggih menika tembung ingkang taksih wetah utawi tembung ingkang dereng rinaketan imbuhan menapa kemawon (Wibawa dkk, 2004:1). Tembung lingga asring dipunsebat tembung wod. Tembung menika dereng ngalami ewah-ewahan saha taksih wungkul.

Tuladhanipun : *bapak, ibu, adhik simbah, mas, mbak*

2) Tembung Andhahan

Tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking lingganipun amargi rinaketan imbuhan utawi *afiks* (Wibawa dkk, 2004:2).

Tembung andhahan ingkang kalebet wonten dwibasa tuladhanipun : bapak-e, mamas-e, ibu-e lan sakpanunggalane.

3) Tembung Rangkep

Tembung rangkep ing basa Jawi wonten tigang warni, inggih menika dwipurwa, dwilingga, saha dwiwasana (Wibawa dkk, 2004:4). Inggih kawastan tembung dwipurwa menika tembung ingkang kawontenan saking pangrangkeping purwaning lingga utawi pangrangkeping wanda kawitanipun lingga. Kathah-kathahipun tembung rangkep ingkang kalebet dwibasa kapanggihaken ing tembung dwilingga. Tuladhanipun: cara-carane, uler-uleran, teman-teman.

b. Kelompok Tembung (frasa)

Mulyana (2009: 35) ngandharaken *frase* inggih menika *konstruksi gramatikal* ingkang dipundamel saking gabungan kalih ukara utawi langkung ingkang asipat *non predikatif*. Mekaten ugi pamanggihipun Nurhayati (2006: 153) ingkang ngandharaken bilih *frase* inggih menika gabungan saking kalih tembung utawi langkung ingkang ngisi salah satunggaling ginanipun *sintaksis*.

c. Klausa

Klausa inggih menika *satuan gramatik* ingkang kawontenan saking wasesa, utawi dipunsambung jejer, lesan, *pelengkap*, saha katrangan, utawi boten (Ramlan, 1983: 78). Pamanggih sanesipun babagan pangertosan *klausa* inggih menika pamanggihipun Endang Nurhayati saha Siti Mulyani (2006: 149-152). Pamanggih menika ngandharaken bilih *klausa* inggih menika kelompok tembung ingkang ngemot setunggal *predikat/wasesa* utawi wujud *linguistik* ingkang kawontenan saking jejer lan wasesa. *Klausa* dipungolongaken dados 2 jinis,

inggih menika *klausa bebas* saha *klausa kaiket*. *Klausa bebas* saged dipunperang dados *klausa verbal* saha *klausa nonverbal*, lajeng *klausa kaiket* saged dipunperang dados *klausa nominal*, *adjektival*, saha *adverbial*.

I. Panaliten ingkang Jumbuh

‘Panaliten ingkang jumbuh wonten panaliten menika inggih *disertasi* ingkang irah-irahanipun *Language Use at Al-amin Children Boarding school in Sukoharjo, Central Java (A case Study)* dening Maykuroh (2005: 102-108) panaliten menika nggambaraken panganggening *kode* tutur dening lare. Miturut panaliten kasebat *kode* ingkang dipunginakaken kaliyan siswa Pesantren Al-Amin Sukoharjo, inggih menika basa Indonesia saha basa Jawi. Tingkat tutur ingkang wonten ing pawicantenan lare-lare inggih menika ngoko, madya lan krama.

Panaliten sanesipun ingkang relevan inggih menika paneliten ingkang irah-irahanipun *Pengginanipunnaan Dwibahasa Oleh Anak Usia 4 Tahun* saking prodi basa Jawi FBS UNY (Ari Widiastuti, 2009: 74-76). Panganggening basa Jawi wonten interaksi kaliyan tiyang sanes amargi basa ibu. Saha migunakaken basa Indonesia dipunginakaken kaliyan ancasipun supados lare sampun kulina pawicantenan kaliyan lingkungan ingkang migunakaken basa Indonesia. Ananging ginanipun-ginanipun ingkang gegayutan kaliyan bab menika inggih ginanipun *instrumental*, ginanipun *regulatori*, ginanipun *representasional*, ginanipun *interaksional*, ginanipun *personal*, ginanipun *heuristic* lan ginanipun *imajinatif*. Ginanipun-ginanipun menika gegayutan kaliyan padamelan lare wonten pawicantenan supados ancasipun komunikasi saged kasampekaken.

Saking kalih panaliten ingkang jumbuh menika, saged dipuntingali bedanipun kaliyan bab ingkang sami saking panaliten dwibasa siswa PAUD KB Al Azhar menika.

- 1) Panaliten dwibasa siswa PAUD KB Al Azhar kaliyan panaliten *Language Use at Al-amin Children Boarding school in Sukoharjo*.

Bab ingkang sami inggih menika objek panaliten ingkang wujudipun siswa sekolah saha setting ingkang dipunginakaken nalika panaliten ingkang wonten lingkungan sekolahan. Saha panalitten menika ngengingi basa Jawi kaliyan basa Indonesia.

Ingangkang beda saking panaliten menika saking jinising panaliten ingkang dipunginakaken. Panaliten *Language Use at Al-amin Children Boarding school in Sukoharjo* migunakaken kualitatif wondene Panaliten dwibasa siswa PAUD KB Al Azhar migunakaken *deskriptif*. Wonten basa ingkang dipunginakaken panaliten Panaliten dwibasa siswa PAUD KB Al Azhar migunakaken basa Jawi krama wondene Panaliten *Language Use at Al-amin Children Boarding school in Sukoharjo* migunakaken basa Inggris.

- 2) Panaliten dwibasa siswa PAUD KB Al Azhar kaliyan panaliten *Pengginanipunnaan Dwibahasa Oleh Anak Usia 4 Tahun*.

Bab ingkang sami saking panaliten kalih menika wonten ing yuswa objek ingkang dipunteliti basa ingkang dipunteliti ugi sami. Ingangkang beda saking panaliten kalih wau *setting* panaliten saha cacahing objek panaliten.

J. Nalaring Pikir

Panaliten menika migunakaken kajian sociolinguistik ingkang ngandharaken panganggening dwibasa ing lingkungan sekolah, mliginipun wonten ing lingkungan PAUD KB Al Azhar menawi badhe migunakaken basa kedah migatosaken komponen tutur ingkang dados dhasar wicantenan saben dinten. Komponen tutur menika wonten wolu, inggih menika SPEAKING, wiwit saking *Setting and Scene, Participant, Ends, Act, Keys, Instrumen, Norm* saha *Genre*. Saking sedaya komponen tutur menika saged ngawontenaken tuturan ingkang beda-beda ingkang migunakaken basa kaliyan caranipun piyambak. Menawi mekaten saged kawontenan panganggening dwibasa nalika pawicantenan.

Taksih kathah dwibasa ingkang dipunginakaken lare kangge pawicantenan padintenan. Dwibasa menika wonten wujud, guna saha bab ingkang ndayani panganggenipun ingkang badhe dipunteliti. Wujud dwibasa menika wonten alih kode saha campur kode. Ginanipun dwibasa menika kados ginanipun basa lumrahipun. Dwibasa ingkang badhe dipunteliti inggih dwibasa saking basa Indonesia kaliyan basa Jawi.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising panaliten

Panaliten menika migunakaken jinis panaliten ingkang asipat *deskriptif*. Wonten panaliten menika panaliti damel *deskripsi* babagan panganggening dwibasa dening siswa PAUD Al Azhar wonten Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara. Panaliten *deskriptif* inggih menika jinising panaliten ingkang paring gambaran saha saged ugi nalaring pikir saking objek, kalarasan sami kaliyan kasunyatan. Data panaliten menika awujud tuturan ingkang ngemu dwibasa. Metode panaliten *deskriptif* menika dipunpilih dening panaliti amargi kangge ngandharaken babagan panganggening dwibasa wonten sesrawungan siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara.

B. Sumbering Data

Sumber data panaliten menika inggih rekaman pawicantenan siswa PAUD KB Al-Azhar saking Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara Provinsi Jawa Tengah nalika sesrawungan wonten papan sakiwa tengenipun. Data wonten panaliten menika kapanggihaken wonten tuturan siswa PAUD KB Al-Azhar saking Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara Provinsi Jawa Tengah. Pamilihing objek dipuntemtukaken amargi siswa wonten PAUD menika migunakaken basa Jawa nalika sesrawungan, inggih migunakaken basa Jawi ragam ngoko saha

migunakaken ragam krama wonten ing proses sinau pasinaonan, nanging siswa-siswi menika migunakaken basa Jawi gantosan kaliyan basa Indonesia ingkang dados basa sesrawungan padintenan. Anggenipun nyuantenaken aksara swaraa saha aksara konsonanipun sampun jangkep. titikan saking panaliten menika wonten panganggening dwibasa saking tuturan ingkang dipunwicantenaken dening siswa-siswa nalika siswa nalika sesrawungan kaliyan tiyang sanes.

C. **Panggenan saha Wekdal Panaliten**

Panaliten menika katindakaken wonten ing papan sakiwa tengenipun PAUD KB Al-Azhar. Anggenipun mendhet data dipuntindakaken wiwit minggu ketiga ing wulan Maret taun 2013 dumugi datanipun cekap wonten wulan September 2013.

D. **Anggenipun Ngempalaken Data**

Anggenipun ngempalaken data dipunpendhet kanthi migunakaken *metode simak* saha *metode cakap* (Sudaryanto, 1993: 133-137). Teknik ingkang dipunginakaken inggih *Teknik sibak libat cakap (SLC)*, *Teknik cakap semuka (CS)*, *Teknik rekam saha teknik catat*.

1. *Teknik sibak libat cakap (SLC)*

Teknik simak libat cakap (SLC) menika panaliti boten namung ningali pawicantenan, panaliti ugi ndherek ing pawicantenan (Sudaryanto, 1993: 133). teknik menika katindakaken nalika wonten siswa ingkang saweg

sesrawungan anggenipun nindakaken teknik menika migunakaken piranti parekam. Saged dipuntindakaken enjing, sonten utawi ndalu.

2. *Teknik cakap semuka (CS)*

Teknik cakap semuka (CS) inggih menika panaliti saged nuwuhaken pawicantenan supados data ingkang dipunpendhet jangkep (Sudaryanto, 1993: 137). Teknik menika dipuntindakaken kanthi mendhet data saking informan kanthi wawanrembag.

3. *Teknik rekam*

Teknik rekam inggih menika cara ingkang dipunginakaken kangge nyimpen data ing pawicantenan (Sudaryanto, 1993: 135). Kanthi teknik rekam data ingkang sampun kasimpen lajeng dipunmirengaken boten namung sepisan ananging dipunambali ngantos pikantuk data ingkang leres, inggih data ingkang ngemu bab dwibasa. Nalika nglampahi data kanthi cara rekam panaliti ugi nglampahi identifikasi tumrap data ingkang ngemu dwibasa.

4. Teknik Nyathet

Salajengipun menika teknik nyathet. Teknik nyathet katindakaken sasampunipun teknik rekam (Sudaryanto, 1993: 135). Wonten ing panaliten menika, sasampunipun data dipunsadap, lajeng data ingkang awujud rekaman dipunsalin dados awujud seratan saking tuturan siswa nalika wicantenan. Proses kados mekaten dipunwastani transkripsi.

Anggenipun ngempalaken data ing panaliten menika mawi teknik rekam saha teknik nyathet. Ingkang sepisan panaliti madosi data kanthi migunakaken teknik rekam ancasipun kangge nyimpen pawicantenan. Lajeng panaliti

mirengaken data ingkang sampun dipunrekam saha milah data ingkang ngemu dwibasa. Data ingkang ngemu dwibasa saged dipuntingali saking basa ingkang dipunginakaken dening siswa nalika wicantenan. Salajengipun data ingkang sampun kapanggihaken dipunserat ing kertu data. Ing panaliten menika data awujud panganggening dwibasa siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara.

E. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten nggadhahi pangertosan inggih menika sedaya pirantining panaliten ingkang dipunginakaken kangge pados saha ngempalaken data. Ing panaliten menika piranti panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *human instrumen* (panaliti piyambak). Moleong (1998: 9) ngandharaken bilih *human instrument* dipunginakaken amargi panaliti minangka piranti kangge ngempalaken data. Panaliti saged manggihaken *peristiwa komunikasi* saha wicantenan siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara. *Human instrumen* gadhah peranan ingkang wigati kangge manggihaken data wujud, *pengaruh* saha fungsi dwibasa.

Panaliti ugi migunakaken piranti ingkang arupi parekam (*voice record*) saha piranti tulis kangge mendhet data ing lapangan.

F. Anggenipun Nganalisis Data

Sasampunipun data menika dipunkempalaken, salajengipun inggih menika analisis data. Miturut Patton (Wonten ing Moleong 1991: 190) *Analisis data adalah proses mengatur urutan data, mengorganisasikannya ke dalam satu pola, kategori dan satuan uraian. Analisis data menika kangge ngandharaken utawi milah-milah antawisipun unsur-unsuripun sasampunipun mendhet data.*

Analisis data ing panaliten menika migunakaken *teknik deskriptif*. Panaliti ngandharaken sedaya ingkang dipunpanggiaken salebeting tuturanipun subjek panaliten. Bab ingkang dipunandharaken inggih menika wujud saha gunanipun dwibasa siswa PAUD KB Al Azhar. Analisis data wonten panaliten menika dipuntindakaken kanthi nglampahi menika.

1. *Reduksi data*, inggih menika panaliti nglampahi *identifikasi* ragam pamilihing kode. Wonten tahap menika panaliti mirengaken malih asiling rekaman saha ngidentifikasi asiling rekaman adhedasar kode ingkang dipunginakaken wonten prastawa tutur kasebat.
2. Dipunlampahi *transkripsi* data asiling rekaman. Saksampunipun data dipunreduksi, panaliti nglampahi *transkripsi* data kanthi cara *ortografis* wonten data ingkang mlebet wonten kategori panaliten. Wonten panaliten menika panaliti nglampahi proses *transkripsi* kangge nyerat asiling rakaman ingkang sampun dipunpendhet.
3. Sesampunipun nranskripsikaken asiling rekaman, lampah saklajengipun inggih nglempokaken *kategori* data ingkang saking asiling rekaman .

pangelompokan menika adhedasar wujud dwibasa saha guna dwibasanipun.

G. Anggenipun Ngesahaken Data

Anggenipun nemtokaken kangge ngukur data ing panaliten menika migunakaken *uji validitas* saha *uji reliabilitas*. *Uji validitas data* dipuntindakaken kanthi migunakaken *validitas triangulasi teori*. *Triangulasi teori* inggih menika cara ngesahaken data kanthi cara njumbuhaken data kaliyan teori ingkang dipunginakaken. Ancaspun kangge ngecek saha mbandhingaken data-data ingkang sampun kapanggihaken.

Teori ingkang dipunginakaken kangge validitas data migunakaken *teori morfologi*, *teori sintaksis* saha *teori semantik*. *Triangulasi teori morfologi* dipunginakaken kangge nemtokaken *validitas data* ingkang gegayutan kaliyan wujudipun dwibasa inggih menika tembung. *Triangulasi teori sintaksis* menika dipunginakaken kangge nemtokaken *validitas data* ingkang gegayutan kaliyan wujud *frase* (kelompok tembung), *klausa* saha *ukara*. Wondene *triangulasi teori semantik* dipunginakaken kangge nemtokaken *validitas data* ingkang gegayutan kaliyan tegesing dwibasa.

Kangge mangertosi *Reliabilitas data* wonten panaliten menika panaliti migunakaken *uji realibilitas stabilitas*. *Uji realibilitas stabilitas* dipuntidhakaken kanthi ngambali malih rekaman pawicantenan siswa PAUD Al Azhar, mliginipun perangan ingkang ngemu data panliten menika inggih panganggening dwibasa. Data ingkang sampun dipunpanggihaken menika

dipunambali utawa dipunjumbuhaken malih kaliyan asiling rekaman supados
dipunasilaken data ingkang *valid*.

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Saking andharan wonten ing bab I, perkawis ingkang dipunkaji saking panaliten menika wonten wujud dwibasa, guna dwibasa saha bab ingkang ndayani panganggening dwibasa, ingkang dados dhasar panganggening dwibasa siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara. Perangan menika ngemu asiling panaliten inggih menika wujud saha guna panganggening dwibasa siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara. Asiling panaliten dipunandharaken ing *tabel*. Ing ngandhap menika *tabel* asiling panaliten bab dwibasa siswa PAUD Al Azhar .

Tabel 2.0 Tabel Pirembagan Wujud saha Guna panganggening Dwibasa Siswa PAUD Al Azhar

No .	Wujud Dwibasa	Konstruk Basa	Guna Dwibasa	Ujaran	Indikator
1	2	3	4	5	6
	Campur kode				
1.	Tembung Lingga	Basa Indonesia	<i>Instrumental</i>	Syifa : ” <i>Aku wingi itu, jalan-jalan sama bapak</i> ” (Data No.32)	- Wonten data tuturan menika, kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode, titikanipun wonten tembung ‘wingi’ saking basa Jawi kacampur wonten konstruk basa Indonesia

				- Tembung ‘wingi’ kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking wujud aslinipun. - Saking <i>konteks</i> tuturipun, guna dwibasa wonten ing data menika kalebet guna <i>instrumental</i>.
	Basa Indonesia	<i>Regulatori</i>	Nayla : ” <i>Ini. ini aja dicampur ya sal</i> ” (Data No. 02)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa ingkang wujudipun campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘aja’ tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung basa Indonesia inggih tembung <i>ini</i> saha tembung <i>dicampur</i>. - Tembung ‘aja’ kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking wujud aslinipun. - Dwibasa ingkang wonten ing data menika kalebet guna <i>regulatori</i>.
	Basa Indonesia	<i>Representasio nal</i>	Rio : ” <i>Kemarin tekan ini</i> ” (Data No.36)	- Wonten data tuturan menika, kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode titikanipun tembung ‘tekan’ saking basa Jawi dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa

				Indonesia - Tembung ‘tekan’ kalebet tembung lingga amargi dereng ewah wujud aslinipun. - Saking <i>konteks</i> tuturipun data tuturan menika ngemu guna <i>representasional</i> .
	Basa Indonesia	<i>Personal</i>	Afzal : ”Kalo aku si sukanya obat yang pait ya?” (Data No.48)	- Wonten data tuturan menika, kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode titikanipun tembung ‘pait’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Tembung ‘pait’ kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun - Menawi dipuntingali saking <i>konteks</i> tuturipun data tuturan menika kalebet guna <i>personal</i> .
	Basa Indonesia	<i>Interaksional</i>	Afzal : “Anu Ian <i>juga</i> bikin empan ya” (data No. 11)	- Data tuturan menika, kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode titikanipun wonten tembung ‘empan’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur tembung saking basa Indonesia inggih tembung <i>juga</i> saha tembung <i>bikin</i> . - Tembung ‘empan’ kalebet tembung

					lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. - Saking <i>konteks</i> tuturipun data tuturan menika kalebet guna <i>representasional</i> .
		Basa Indonesia	<i>Heuristik</i>	Rio : ” Deneng mas Dika <i>gak berangkat?</i> ” (Data No.31)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘deneng’ ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung <i>sakit</i> saha tembung <i>berangkat</i> . - Tembung ‘deneng’ kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun ingkang aslinipun saking tlatah banyumas - Menawi dipuntingali saking <i>konteks</i> tuturipun data tuturan menika ngemu guna <i>heuristik</i> .
2.	Tembung Andhahan	Basa Indonesia	<i>Regulatori</i>	Nayla : ” <i>Nanti dulu ini tok lagi buat empanya</i> ” (Data No. 07)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibaa ingkang wujudipun campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘empanya’. - Tembung ‘empanya’ kalebet tembung andahan campuran ingkang angsal panambang <i>-nya</i>

					ingkang sajatosipun menika panambang saking basa Indonesia - Data menika kalebet guna <i>regulatori</i> amargi data tuturan menika gadhah ancas kangge paring aruh dhateng tiyang sanes supados tiyang sanes menika ndherek kaliyan menapa ingkang dipuntuturaken, wonten tuturan menika Na paring aruh dhateng la.
		Basa Indonesia	<i>Representasional</i>	Ian : "Nanti kecampur warnane "(Data No.18)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa ingkang wujudipun campur kode kanthi titikanipun wonten tembung basa Jawi inggih 'warnane' dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih tembung <i>nanti</i> saha tembung <i>kecampur</i>. - Tembug 'warnane' kalebet tembung andhahan saking tembung lingga werna ingkang angsal panambang <i>-ne</i> - Menawi dipuntingali saking <i>konteks</i> tuturipun, data menika ngemu guna <i>representasional</i> amargi data tuturan menika gadhah ancas

					ngginakaken basa kangge paring <i>informasi</i> dhateng tiyang sanes.
		Basa Indonesia	<i>Personal</i>	Ita : “Iya, ulere dibuang aja nakal hii”(Data No.05)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘dikepi’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung basa Indonesia inggih menika tembung <i>bukan</i> saha tembung <i>bisa</i>. - Tembung ‘dikepi’ menika kalebet tembung andhahan saking tembung lingga ‘kekep’ ingkang angsal ater-ater di-ssaha panambang –i. - Menawi dipuntingali saking <i>konteks</i> tuturipun data tuturan menika kalebet guna <i>personal</i>.
		Basa Indoneia	<i>Heuristik</i>	Afzal : ” <i>Aku meres susunya?</i> ”(Data No.24)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘meres’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa

					Indonesia inggih menika tembung <i>susunya</i>. - Tembung 'meres' menika kalebet tembung andhahan saking tembung lingga 'peres' ingkang angsal ater-ater ma-. - Dipuntingali saking <i>konteks</i> tuturipun data tuturan menika ngemu guna <i>heuristik</i> amargi wonten datat tuturan menika wonten upaya supados panutur angsal informasi saking lawan tuturipun.
		Basa Indonesia	<i>Imajinatif</i>	Jenny : ”Carane, Afzal <i>lagi istirahat sama mbek, aku lagi makanin mbek</i>”(Data No.23)	Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode ingkang titikanipun wonten tembung 'carane' saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kecampuran tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung <i>istirahat</i>, tembung <i>sama</i>, tembung <i>lagi</i> saha tembung <i>makanin</i>. Tembung 'carane' menika kalebet tembung andahan ingkang tembung lingganipun inggih menika cara ingkang angsal panambang –

					<i>ne</i>. Dipuntingali saking <i>konteks</i> tutur data menika, data tuturan menika ngemu guna <i>imajinatif</i> amargi tuturan menika gadhah ancas nggambaraken menapa ingkang dereng wonten menapa dereng kadeaan. Wonten mriki titikan guna <i>imajinatif</i> menika wonten tembung ‘carane’.
3.	Tembung Wancah	Basa Indonesia	<i>Representasional</i>	Afzal : ”Ya <i>ulernya ndak keluar, lagi tidur</i> koh lah”(Data No.13)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘ndak’. Tembung ‘ndak’ menika sejatosipun saking tembung basa Indonesia inggih menika tembung <i>tidak</i> ananging wonten proses <i>akulturasi</i> basa saengga rubah dados ‘ndak’ - Tembung ‘ndak’ menika kalebet tembung wancah ingkang aslinipun saking tembung basa Indonesia inggih menika <i>tidak</i> - Dipuntingali saking <i>konteks</i> tuturipun, data menika ngemu guna <i>representasional</i> amargi data tuturan menika gadhah ancas ngginakaken basa

					kangge maringi <i>informasi</i> kangge tiyang sanes.
4.	Tembung Rangkep	Basa Indonesia	<i>Regulatori</i>	Afzal : ” <i>nanti dulu tak separo-separoin</i> ”(Data No.22)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘separo-separoin’ tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung basa Indonesia inggih menika tembung <i>nanti</i> saha tembung <i>dulu</i>. - Tembung ‘separo-separoin’ kalebet tembung rangkep amargi wonten tembung ingkang dipunambali mocapakenipun - Data menika kalebet guna <i>regulatori</i> amargi data tuturan menika gadhah ancas kangge paring aruh dhateng tiyang sanes supados tiyang sanes menika ndherek kaliyan menapa ingkang dipuntuturaken.
		Basa Indonesia	<i>Representasional</i>	Afzal : “ <i>Ini makanya lombo-lombo</i> ”(Data No.29)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘lombo-

					lombo' saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung <i>ini</i> saha tembung <i>makanya</i>. - Tembung 'lombo-lombo' menika kalebet tembung rangkep saking tembung lingga lombo ingkang dipunambali wicantenanipun - Dipuntingali saking <i>konteks</i> tuturipun data tuturan menika ngemu guna <i>representasional</i> amargi wonten data tuturan menika dipunginakaken kangge paring informasi dhateng tiyang sanes
5.	<i>Frasa</i>	Basa Indonesia	<i>Instrumental</i>	Afzal : ” Ndak papa ditumpuk dua kayak aku gini” (Data No.16)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung 'ndak papa' kelompok tembung saking basa Indonesia ingkang sejatosipun saking tembung 'tidak' saha tembung 'apa' kenging proses <i>akulturasi</i> kaliyan basa Jawi saengga rubah bentukipun dados 'ndak papa'. - Tembung 'ndak

					papa' kalebet kelompok tembung amargi saking tembung wancah 'ndak' kaliyan tembung lingga 'papa'. - Menawi dipuntingali saking <i>konteks</i> tuturipun data tuturan menika ngemu guna <i>instrumental</i>, amargi data tuturan menika gadhadh ancas ngginakaken basa supados panutur pikantuk saking sanesipun.
		Basa Indonesia	<i>Representasio nal</i>	Jenny : "Pulpenya ndak masah "(Data No.51)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode ingkang titikanipun wonten tembung 'ndak masah' ingkang dipunnginakaken kacampur kaliyan basa Indonesia. - Tembung 'ndak masah' kalebet kelompok tembung ingkang kapancak saking 'ndak' tembung wancah kaliyan 'masah' tembung lingga ingkang dados setunggal lajeng gadhadh artos enggal - Menawi dipuntingali saking <i>konteks</i> tuturipun, data menika ngemu guna <i>representasional</i>

					amargi data tuturan menika gadhah ancas ngginakaken basa kangge paring <i>informasi</i> dhateng tiyang sanes.
		Basa Indonesia	<i>Imajinatif</i>	Rio : ” <i>Hah tuyul? Aku udah jadi tuyul, aku jadi kothok ngorek</i> ” (Data No.52)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘kothok ngorek’ ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Tembung ‘kothok ngorek’ menika kalebte kelompok tembung amargi kapancak saking kalih tembung ingkang gadhah artos enggal nalika tembung menika dipundadosaken setunggal - Dipuntingali saking <i>konteks</i> tuturipun data tuturan menika kalebet guna <i>imajinatif</i> amargi tuturan menika gadhah ancas nggambaraken menapa ingkang dereng wonten menapa dereng kadaean.
Alih Kode					
6.	<i>Klausa</i>	Basa Jawi-Basa	<i>Instrumental</i>	Rio : ” <i>Aku dulu</i> ” BI : ”Mbak	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken

		Indonesia		Nabila <i>dulu</i> mas Rio” Rio : ”<i>Tadi aku ini, kayane nyong urung, nyong kiye</i>” BI : ”Nggih” (Data No.56)	dwibasa wujudipun alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Rio ingkang ngemu kalih basa inggih basa Jawi saha basa Indonesia ingkang dipunginakaken gantosan. - Menawi dipuntingali saking <i>konteks</i> tuturanipun data tuturan menika ngemu guna <i>instrumental</i>, amargi data tuturan menika gadhah ancas ngginakaken basa supados panutur pikantuk saking sanesipun. Wonten tuturan menika Rio migunakaken tuturan menika supados angsal giliran latian maos kaliyan BI.
		Basa Indonesia-Basa Jawi	<i>Regulatori</i>	Ian : ”<i>Liatin Sal, liatin ini Sal. Aja kiye ndeke nyong</i>”(Data No.60)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Ian ingkang ngemu kalih basa wonten satunggaling tuturan. - Data menika kalebet guna <i>regulatori</i> amargi data tuturan menika gadhah ancas kangge paring aruh dhateng tiyang sanes supados tiyang sanes menika ndherek kaliyan menapa

					ingkang dipuntuturaken.
		Basa Jawi-Basa Indonesia	<i>Representasional</i>	Rio : ”Aku wingi tumbas angry bird” BI : ”Teng pundi le tumbas?” Rio : ”Bawang” BI : ”Kalih sinten le tumbas?” Rio : ”Bapak” BI : ”<i>angry bird</i> nopo? Meja apa kursi?” Rio : ”Bukan anu yang bisa dikepi” (Data No.55)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Rio ingkang ngemu kalih basa inggih basa Jawi saha basa Indonesia ingkang dipunginakaken gantosan. - Data tuturan wonten ing samping menika ngemu guna <i>representasional</i> amargi data tuturan menika ngemu guna paring informasi. Wonten data tuturan menika Rio kalawingi nembe mawon tumbas bantal <i>angry bird</i> kaliyan bapakipun lajeng Rio nyariosaken dhateng <i>Bunda</i> Ida ngengingi menika.
		Basa Indonesia-Basa Jawi	<i>Interaksional</i>	Rio : ”Aku yang kodhok nyanyinya, kiye mbok kodhok ya?” (Data No.58)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Rio ingkang ngemu kalih basa inggih basa Jawi saha basa Indonesia ingkang dipunginakaken gantosan. - Menawi dipuntingali

					saking <i>konteks</i> tuturipun data tuturan menika ngemu guna <i>interaksional</i> .
		Basa Jawi-Basa Indonesia	<i>Imajinatif</i>	Nayla : ” Carane ana sing mbukak ya ” Afzal :”Karo ana mau <i>jalan-jalan</i> ya” Nayla : ” Trus Afzal sama Ita lagi batuk koh, sana di bawah pohon kalo bisa ” (Data No.59)	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Nay ingkang ngginakaken basa Jawi kaliyan basa Indonesia kanthi gantosan wonten tuturanipun. - Dipuntingali saking <i>konteks</i> tuturipun data tuturan menika kalebet guna <i>imajinatif</i> .

Saking *tabel* ing inggil saged dipunsumerepi menawi siswa PAUD Al Azhar menika dipunpanggihaken panganggening dwibasa wujudipun campur kode saha alih kode. Guna dwibasa saking panganggening dwibasa ingkang dipunpanggihaken wontening siswa PAUD Al Azhar inggih *instrumental*, *regulatori*, *representasional*, *interaksional*, *personal*, *heuristik* saha *imajinatif*.

B. Pirembagan

Ing bab menika badhe dipunandharaken pirembagan saking asiling panaliten ingkang sampun dipunandharaken saderengipun. Salebeting pirembagan menika anggenipun ngrembag wujuding panganggening dwibasa badhe dipunlajengaken kaliyan pirembagan bab gunaning panganggenipun dwibasa. Saklajengipu bab ingkang ndayani panganggening dwibasa

dipunandharaken kapisah saking andharan wujud dwibasa saha guna panganggening dwibasanipun. Cara kasebat dipuntindakaken amargi bab wujud kaliyan guna dwibasa menika boten saged dipunpisahaken, ndene bab bab ingkang ndayani panganggening dwibasa menika saged dipunandharaken piyambak. Dwibasa ingkang dipunpanggiaken saking siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara wujudipun campur kode saha alih kode. Pirembagan badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Wujud saha Guna Dwibasa

a) Dwibasa Wujudipun Campur Kode

Dwibasa wujudipun campur kode menika saged dipunperangaken dados gangsal wujud tembungipun inggih menika tembung lingga, tembung andhahan, tembung wancah, tembung rangkep saha *frasa* utawi kelompok tembung. Dwibasa wujudipun campur kode badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) Dwibasa Campur Kode Wujudipun Tembung Lingga

Dwibasa ingkang wujudipun tembung lingga saged dipunpanggiaken guna *instrumental*, guna *regulatori*, guna *representasional*, guna *interaksional*, guna *personal* saha guna *heuristik*. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

a) Dwibasa wujudipun tembung lingga ingkang gadhah guna *instrumental*.

Ing ngandhap menika, badhe kaandharaken dwibasa wujudipun tembung lingga ingkang gadhah guna *instrumental* ingkang saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Konteks: Rio boten purun manut kaliyan dhawuhipun ibu gurunipun nalika badhe latihan maos.

Rio : ”**emoh**, *aku ingin yang ini*” (data No. 37)

Wonten data tuturan menika, kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘emoh’. Tembung ‘emoh’ menika saking basa Jawi ingkang dipunginakaken wonten tuturan kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung *ingin*, tembung *yang* saha tembung *ini*.

Tembung ‘emoh’ menawi dipuntingali saking wujudipun tembung kalebet tembung lingga. Tembung ‘emoh’ kalebet dwibasa tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Tembung ‘emoh’ menika tegesipun wonten Baoesastra Djawa inggih menika ora gelem utawi ora arep.

Menawi dipuntingali saking *konteks* tuturipun, data tuturan menika ngemu guna *instrumental*. Data tuturan menika gadhah ancas ngginakaken basa supados panutur pikantuk barang utawa bab saking lawan tuturipun. Wonten data tuturan menika Rio migunakaken dwibasa menika supados saged latihan maos bab ingkang dipunpengini kaliyan Rio sanes ingkang dipuntemtukaken dening BI.

b) Dwibasa wujudipun tembung lingga ingkang gadhah guna *regulatori*

Ing ngandhap menika, badhe kaandharaken dwibasa wujudipun tembung lingga ingkang gadhah guna *regulatori*. saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Konteks: Nayla saha Afzal saweg dolanan malem, Afzal gadhah pamanggih menawi malemipun menawi dipuncampur dados sae, ananging Nayla boten sarujuk kaliyan Afzal lajeng Nayla boten ngeparengaken Afzal nyampur malem menika

Nayla : ”*Ini. ini aja dicampur ya sal*” (Data No. 02)

Pethikan ing inggil menika ngemu dwibasa campur kode, kanthi titikanipun wonten tembung ‘aja’ tembung saking basa Jawi dipunginakaken kacampur kaliyan tembung basa Indonesia inggih tembung *ini* saha *dicampur*.. Tembung ‘aja’ tegesipun wonten Baoesastra Djawa inggih menika “ora kena (nindakake nglakoni), ora prayoga”.

Tembung ‘aja’ menawi dipuntingali saking wujudipun kalebet wujud tembung lingga. Tembung ‘aja’ kalebet dwibasa tembung lingga amargi dereng ewah saking wujud aslinipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara, tembung ‘aja’ dipunginakaken dados wasesa amargi wonten ujaran menika dipunginakaken dados ngandharaken bab menapa ingkang badhe dipunlampahi.

Tuturan dwibasa menika kalebet guna *regulatori*. Jumbuh kaliyan *konteksipun*, Nayla saha Afzal saweg dolanan malem, Afzal gadhah pamanggih menawi malemipun menawi dipuncampur dados sae, ananging Nayla boten sarujuk kaliyan Afzal lajeng Nayla boten ngeparengaken Afzal

nyampur malem menika. Panandha ingkang ngandharaken tuturan menika kalebet guna *regulatori* inggih menika Nayla nglarang Afzal nyampur malem, nglarang menika wujud saking guna *regulatori*.

c) Dwibasa wujudipun tembung lingga ingkang gadhah guna *representasional*

Saklajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa wujudipun tembung lingga ingkang gadhah guna *representasional* ingkang saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Konteks: Nayla, Afzal, Ita, saha Jenny saweg dolanan wonten jaba sekolah Afzal dados tukang angon mendha lajeng Nayla, Ita saha Jenny dados mendhanipun. Nayla gadhah *gagasan* ethok-ethokipun mendho-mendhonipun Afzal mlayu saking kandang sesampunipun diparingi pakan dening Afzal.

Nayla : ”Carane nyong agi **bikin** empane ya sal?”(Data No.06)

Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa ingkang wujudipun campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘*bikin*’. Tembung ‘*bikin*’ menika saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken wonten tuturan kacampur kaliyan tembung saking basa Jawi inggih menika tembung ‘carane’, tembung ‘nyong’, tembung ‘agi’ saha tembung ‘empane’.

Tembung ‘*bikin*’ menawi dipuntingali saking wujudipun kalebet dwibasa tembung lingga. Tembung ‘*bikin*’ kalebet dwibasa tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Tembung ‘*bikin*’ menika tegesipun sami kaliyan damel wonten basa Jawi Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘*bikin*’ dipunginakaken dados wasesa

amargi wonten ujaran menika dipunginakaken dados ngandharaken bab menapa ingkang dipunlampahi dening jejer.

Saking *konteks* tutur data tuturan menika dipunpanggihaken menawi data menika kalebet guna *representasional* amargi data tuturan menika gadhah ancas ngandharaken *informasi* dhateng panutur sanes. Panandha ingkang ngandharaken data tuturan menika kalebet guna *representasional inggih* nalika Nayla ngandharaken menapa ingkang kedhah dipunlakukaken kaliyan Afzal nalika dolanan.

d) Dwibasa wujudipun tembung lingga ingkang gadhah guna *interaksional*

Ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa wujudipun tembung lingga ingkang gadhah guna *interaksional*, ingkang saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Konteks: Rio badhe sinau maos kaliyan *bunda* Ida, ananging Rio boten manut kaliyan menapa ingkang dipuntemtokaken dening *bunda* Ida

Rio : ”**Emoh**, *aku ingin yang ini*” (data no.42)

Pethikan ing inggil menika ngemu dwibasa ingkang wonten ing tembung ‘emoh’. Tembung ‘emoh’ wonten baosastra djawa tegesipun” boten purun utawi ora gelem”. Tembung ‘emoh’ kalebet dwibasa amargi ‘emoh’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan tembung saking basa Indonesia.. *Bab* menika ingkang nyebabaken tembung ‘emoh’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘emoh’ menawi dipuntingali saking wujudipun kalebet dwibasa tembung lingga. Tembung ‘emoh’ kalebet dwibasa tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘emoh’ dipunginakaken dados katrangan amargi wonten ujaran menika dipunginakaken dados ngandharaken kenging menapa kedhah nglampahi.

Tuturan menika dipunandharaken kalebet guna *interaksional*. Panandha ingkang ngandharaken data menika kalebet guna *interaksional* inggih nalika Rio badhe sinau maos kaliyan *bunda* Ida, ananging Rio boten manut kaliyan menapa ingkang dipuntemtokaken dening *bunda* Ida. Ananging Rio taksih ngeyel kemawon dhateng *bunda* Ida. Wonten tuturan menika ingkang dados panandha tuturan menika kalebet guna *interaksional* inggih menika tuturanipun Rio menika asalipun nanggapi tuturanipun *bunda* Ida.

e) Dwibasa wujudipun tembung lingga ingkang gadhah guna *personal*

. Saklajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa wujudipun tembung lingga ingkang gadhah guna *personal* ingkang saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Konteks: Afzal saweg dolanan malem kaliyan Nayla lajeng Nayla nugel malemipun lajeng Afzal jerit amargi boten ngeparengaken malemipun dipuntugel..

Afzal : ”**Ndak!** Jangan dipethil!”(Data No.21)

Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa ingkang wujudipun campur kode kanthi titikanipun wonten tembung '*jangan*'. Tembung '*jangan*' saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Jawi inggih menika tembung ndak saha tembung dipethil.

Tembung '*jangan*' kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Tembung '*jangan*' menika anggadhah teges inggih menika sami kaliyan tembung aja saking basa Jawi inggih boten pareng utawi boten kresa.

Menawi dipuntingali saking *konteks* tuturipun data tuturan menika kalebet guna *personal* amargi wonten data tuturan menika gadhah ancas ninggalaken rasa saking panuturipun. Wonten data tuturan menika panuturipun inggih Af ingkang boten remen kaliyan menapa ingkang dipuntindakaken dening Na.

f) Dwibasa wujudipun tembung lingga ingkang gadhah guna *heuristik*

Saklajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa wujudipun tembung lingga ingkang gadhah guna *heuristik* ingkang saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Konteks: Rio badhe sinau maos kaliyan *bunda* Ida, nalika Rio saweg sinau maos Rio rumaos wonten kancanipun ingkang boten mlebet sekolah.

Ri : ”**Deneng** mas Dika *gak berangkat? Sakit?*”(Data No.31)

Pethikan ing inggil menika ngemu dwibasa ingkang wonten ing tembung ‘deneng’. Tembung ‘deneng’ kapancak saking basa Jawi dialek Banyumasan ingkang tegesipun wonten Baoesastra Djawa inggih menika kepriye utawi kok, Tembung ‘deneng’ kalebet dwibasa amargi ‘deneng’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung *gak*, tembung *berangkat* saha tembung *sakit*. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘deneng’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘deneng’ menawi dipuntingali saking wujudipun kalebet dwibasa tembung lingga. Tembung ‘deneng’ kalebet dwibasa tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘deneng’ dipunginakaken dados tembung pitakon ingkang damel tuturan menika dados tuturan pitakonan.

Tuturan dwibasa menika dipunandharaken kalebet guna *heuristik*, kalebet guna *heuristik* amargi wonten data tuturan menika wonten upaya supados panutur angsal informasi saking lawan tuturipun. Jumbuh kaliyan *konteksipun*, Rio saweg latiyan maos kalih *bunda* Ida lajeng Rio nyuwun priksa dhateng *bunda* Ida ngengingi kancanipun ingkang katingal boten mlebet sekolah. Wonten tuturan menika ingkang dados panandha tuturan menika kalebet guna *heuristik* wonten ing tuturan pitakonanipun Rio ingkang wonten kalih dipundadosaken setunggal wonten setunggal tuturan. Menika ingkang ningalaken guna *heuristik* yaiku pitakonan langkung lanjut.

2) Dwibasa Campur Kode Wujudipun Tembung Andhahan

Miturut pamanggihipun Sudaryanto (1991: 18), miturut pandhaping tembung salebeting basa Jawi, tembung andhahan kaperang dados 3 proses *morfologis*. Proses *morfologis* kasebat inggih menika: (1) *afiksasi*, (2) *reduplikasi*, (3) *komposisi* utawi *majemuk*, ananging salebeting panganggening dwibasa namung saged dipunpanggihaken setunggal jinis. Jinisipun panganggening dwibasa menika arupi tembung ingkang ngangge wuwuhan. dwibasa ingkang wujudipun tembung andhahan wonten panganggening dwibasa siswa PAUD Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara menika wonten 6 guna ingkang kapanggihaken inggih menika guna *personal*, guna *heuristik*, guna *regulatori*, guna *representasional*, guna *interaksional* saha guna *imajinatif*. Andharanipun saged dipunwaos wonten ing ngandhap menika.

a) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah guna *regulatori*

Panganggening tembung andhahan wonten dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah guna *regulatori* saged dipunpanggihaken wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks: Nayla saweg ngiris-iris malem, lajeng Rio badhe ngampil peso ingkang saweg dipungginakaken dening Nayla ananging Nayla boten ngeparengaken

Nayla : ”*Nanti dulu ini tok lagi buat **empanya***”(Data No. 07)

Pethikan ing inggil menika ngemu dwibasa ingkang wonten ing tembung ‘empanya’. Tembung ‘empanya’ kapancak saking basa Jawi dialek Banyumasan ingkang wonten Baoesastra Jawa tegesipun pakan, Tembung ‘empanya’ kalebet dwibasa amargi ‘empanya’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia. *Bab* menika ingkang nyebabaken tembung ‘empanya’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘empanya’ kalebet tembung andhahan. Bab menika katingal saking wujudipun tembung lingga ‘empan’ ingkang tegesipun pakan, ingkang angsal panambang *-nya* dados $\text{empan} + \text{-nya} = \text{empanya}$. Tembung ‘empanya’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan menika dados lesan amargi wonten tuturan menika tembung ‘empanya’ dipundadosaken bab ingkang dipunlampahi.

Tembung ‘empanya’ kasebat dipunandharaken nalika Nayla saweg ngiris-ngiris *plastisin*, Ian nyuwun gantosan anggenipun ngginakaken pesonipun ananging Nayla boten purun gantosan amargi pesonipun taksih dipunginakaen dening Nayla. Tuturan menika kalebet guna *regulatori* amargi wonten tuturan menika wonten Nayla ingkang nolak utawa boten ngeparengaken Ian gantosan migunakaken pesonipun. Nolak utaa boten ngeparengaken menika kalebet wujud saking guna *regulatori*.

b) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah guna *representasional*

Panganggening tembung andhahan wonten dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah guna *representasional* saged dipunpanggihaken wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks: Ian menging Afzal supados boten nyampur malemipun, amargi menawi malem menika dipuncampur mangkeh wernanipun kecampur ugi.

Ian : ”Nanti kecampur **warnane**” (Data No. 18)

Pethikan ing inggil menika ngemu dwibasa ingkang wonten ing tembung ‘warnane’. Tembung ‘warna’ menika saking basa Jawi ingkang wonten Baoesastra Jawa tegesipun coraking rupa, Tembung ‘warnane’ kalebet dwibasa amargi ‘warnane’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika t tembung saking basa Indonesia inggih tembung *nanti* saha tembung *kecampur*. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘warnane’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘warnane’ kalebet tembung andhahan. Bab menika katingal saking wujudipun saking tembung lingga ‘warna’ ingkang tegesipun coraking warna, ingkang angsal panambang *-ne* dados warna + *-ne* = warnane. Tembung ‘warnane’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking

kalenggahanipun wonten tuturan menika, dados lesan amargi wonten tuturan menika tembung ‘empanya’ dipundadosaken bab ingkang dipunlampahi.

Tembung ‘warnane’ kasebat dipunandharaken nalika Ian menging Afzal supados boten nyampur malemipun kanhi cara Ian paring *informasi*, amargi menawi malem menika dipuncampur mangkeh ngrusak wernanipun.. Tuturan menika kalebet guna *regulatori* amargi wonten tuturan menika Tuturan Ian dhateng Afzal menika gadhah maksud sesampunipun Ian paring informasi dhateng Afzal lajeng Afzal boten nyampur wernanipun. Paring informasi menika kalebet wujud saking guna *representasional*.

c) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah guna *interaksional*

Panganggening tembung andhahan wonten dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah guna *interaksional* saged dipunpangguhaken wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks: Ita nanggepi godanipun afzal kanthi ethok-ethokipun ita ajrih kaliyan sawer-saweran ingkang dibeto Afzal.

Ita : ”Iya.. **ulere** dibuang aja *nakal* hiiiiii”(Data No.05)

Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘ulere’ ingkang dipunginakaken wonten tuturan menika kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung *iya*, tembung *dibuang* saha tembung *nakal*. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘ulere’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘ulere’ menika kalebet tembung andhahan saking tembung lingga ‘uler’ angsal panambang *-e* dados *uler+ -e = ulere*. tembung ‘ulere’ menika saking tembung lingga ‘uler’ ingkang wonten Baoesastra Jawa tegesipun inggih kewan ingkang mlakune gremetan, wonten data tuturan menika tembung wau ngandharaken kewan sawer.

Dwibasa ingkang dipunpanggihaken wonten ing data menika kalebet guna *interaksional*, menika saged kapanggihaken saking *konteks* tuturipun ingkang ancaspun inggih nanggepi menapa ingkang dipuntuturaken dening lawan tutur. Wonten data tuturan menika tuturan ita gdhah ancas nanggepi Afzal ingkang nggoda Ita kaliyan sawer-saweran ingkang dipundamel saking malem.

d) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah guna *personal*

Panganggening tembung andhahan wonten dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah guna *personal* saged dipunpanggihaken wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks: Rio ngandharaken dhateng bunda Ida wujud *angry bird* ingkang dipuntumbas dening Rio dinten kala wingi wonten bawang.

Rio : ”*Bukan anu yang bisa dikepi* (Data No.35)

Pethikan ing inggil menika ngemu dwibasa ingkang wonten ing tembung ‘dikepi’. Tembung ‘dikepi’ menika saking basa Jawi ingkang tegesipun dirangkul , Tembung ‘dikepi’ kalebet dwibasa amargi ‘dikepi’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung

kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung tembung *bukan* saha tembung *bisa*. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘dikepi’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘dikepi’ kalebet tembung andhahan. Bab menika katingal saking wujudipun saking tembung lingga ‘kekep’ ingkang wonten Baoesastra Jawa menika tegesipun ngrangkul utawi dipuntenetake ing dada. Tembung ‘kekep’ menika angsal ater-ater *di-* saha panambang *-i* dados *di-* + (kekep-ke) + *-i* = dikepi. Tembung ‘dikepi’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten ukara dados wasesa amargi wonten tuturan menika tembung ‘dikepi’ menika ngandharaken menapa ingkang dipuntindakaken dening jejer.

Menawi dipuntingali saking *konteks* tuturipun data tuturan menika kalebet guna *personal* amargi wonten data tuturan menika gadhah ancas ningalaken rasa saking panuturipun. Wonten ing data tuturan menika Rio ingkang ngandharaken dhateng *Bunda* Ida.

e) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah guna *heuristik*

Panganggening tembung andhahan wonten dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah guna *heuristik* saged dipunpanggiaken wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks: Afzal dipunsuwun dening Jenny dados tukang meres susu mendho nalika dolanan mendho-mendhinan, Afzal bingung lajeng nyuwun priksa dhateng Jenny menapa ingkang kedhah dipuntindakaken dening Afzal.

Afzal : ”*Aku **meres** susunya?*”(Data No.24)

Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘meres’, tembung ‘meres’ menika saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung *susunya*. Bab menika ingkang nyebabaken data tuturan menika kalebet dwibasa.

Dipuntingali saking wujudipun tembung, tembung ‘meres’ menika kalebet tembung andhahan saking tembung lingga ‘peres’ ingkang angsal ater-ater ma- dados ater-ater ma- + tembung lingga peres = meres. Tembung ‘meres’ wujud lingganipun inggih ‘peres’ ingkang wonten baoesastra Jawa menika tegesipun inggih diwenyet supados apuh.

. Dipuntingali saking *konteks* tuturipun data tuturan menika ngemu guna *heuristik* amargi wonten datat tuturan menika wonten upaya supados panutur angsal informasi saking lawan tuturipun, wonten data menika Af nyuwun priksa dhateng Je.

f) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah guna *imajinatif*

Panganggening tembung andhahan wonten dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah guna *imajinatif* saged dipunpanggihaken wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks: Jenny damel pangangen angen Afzal dados tukang angon mendho saha meres susu, menawi Jenny dados tukang makani mendhonipun

Jenny : ”**Carane** Afzal *lagi istirahat sama mbek, aku lagi makanin mbek*”(Data No.23)

Pethikan ing inggil menika ngemu dwibasa ingkang wonten ing tembung ‘carane’. Tembung ‘carane’ menika saking basa Jawi ingkang tegesipun laku partikel, Tembung ‘carane’ kalebet dwibasa amargi ‘carane’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan tembung saking basa Indonesia. *Bab* menika ingkang nyebabaken tembung ‘carane’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘carane’ kalebet tembung andhahan. Menika katingal saking wujudipun saking tembung lingga ‘cara’ ingkang wonten Baoesastra Jawa tegesipun laku utawi partikel, ingkang angsal panambang *-ne* dados *cara + -ne* = carane. Tembung ‘carane’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking ancasipun dipunginakaken kangge ngandharakn ingkang taksih arupi angen-angen.

Tembung ‘carane’ kasebat dipunandharaken nalika Jenny damel pangangen- angen Afzal dados tukang angon mendho saha meres susu, menawi Jenny dados tukang makani mendhonipun. Tuturan menika kalebet guna *imajinatif* amargi wonten tuturan menika medal aking panganngen-angenipun Jenny nalika dolanan kaliyan kanca-kancanipun. Tuturan ingkang taksih pangangen-angen menika kalebet wujud saking guna *imajinatif*.

3) Dwibasa Campur Kode Wujudipun Tembung Wancah

Dwibasa ingkang wujudipun tembung wancah saged dipunpanggihaken setunggal guna iggih menika guna *representasional*. Andharan negengingi bab dwibasa campur kode wujudipun tembung wancah saged dioutigali saha dipunwaos ing ngandhap menika.

a. Dwibasa tembung wancah ingkang gadhah guna *representasional*

Panganggening tembung wancah wonten dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah guna *representaioanal* saged dipunpanggihaken wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks: Afzal ngandharaken menawi sawer-saeranipun boten medal saking kandang amargi taksih turu.

Afzal : ”Ya ulernya **ndak** keluar, lagi tidur koh lah” (data no.13)

Pethikan ing inggil menika ngemu dwibasa ingkang wonten ing tembung ‘ndak’. Tembung ‘ndak’ menika saking basa Indonesia ingkang angsal *pengaruh* saking basa Jawi saengga dados basa Jawi ingkang tegesipun boten menapa sanes, Tembung ‘ndak’ kalebet dwibasa amargi ‘ndak’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung *tidak* utawa *nggak*. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘ndak’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘ndak’ menawi dipuntingali saking wujudipun kalebet dwibasa tembung wancahan. Tembung ‘ndak’ kalebet tembung wancahan

amargi ngicali tembung lingga kangge nyekakaken pocapanipun saking tembung lingga ‘tidak’ ngkang angsal aruh saking basa Jawi dados ‘ndak’. Tembung ‘ndak’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan, tembung ‘ndak’ gadhah ancas kangge ngandharaken katrangan.

. Tembung ‘ndak’ kasebat dipunandharaken nalika Afzal ngandharaken menawi sawer-saeranipun boten medal saking kandang amargi taksih turu.. Tuturan menika kalebet guna *represenasional* amargi wonten tuturan menika Afzal ngandharaken bab ngenggi sawer-saweraipun. Ngandharaken menapa paring *informasi* menika kalebet wujud saking guna *representasional*.

4) Dwibasa Campur Kode Wujudipun Tembung Rangkep

Dwibasa ingkang wujudipun tembung rangkep saged dipunpanggiaken kalih guna iggih menika guna *regulatori* saha guna *representasional*. Andharan negengingi dwibasa wujudipun tembung rangkep saged dipuntingali saha dipunwaos ing ngandhap menika.

a. Dwibasa tembung rangkep ingkang gadhah guna *regulatori*

Panganggening tembung wancah wonten dwibasa tembung wancah ingkang gadhah guna *regulatori* saged dipunpanggiaken wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks: Afzal paring semaya dhateng Ian menawi bakal dipunparo malemipun nanging Ian kedhah nengga Afzal rumiyin.

Afzal : ”*Nanti dulu tak **separo-separoin***”(Data No.22)

Pethikan ing inggil menika ngemu dwibasa ingkang wonten ing tembung ‘separo-separoin. Tembung ‘separo-separoin’ menika saking basa Jawi ingkang tegesipun dibagi-bagi, Tembung ‘separo-separoin menika kalebet dwibasa amargi ‘separo-separoin’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika inggih menika tembung *nanti* saha tembung *dulu*. *Bab* menika ingkang nyebabaken tembung ‘separo-separoin’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘separo-separoin’ menawi dipuntingali saking wujudipun kalebet dwibasa tembung rangkep. Tembung ‘separo-separoin’ kalebet tembung rangkep amargi wonten ingkang dipunwangsuli pocapanipun inggih tembung ‘separo’. Tembung ‘separo’ menika tegesipun sesiseh utawi sakperangan. Tembung ‘separo-separoin’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahaniun wonten tuturan, tembung ‘separo-separoin’ gadhah ancas kangge ngandharaken katrangan.

Tembung ‘separo-separoin’ kasebat dipunandharaken nalika Afzal, Ita, Nayla saweg dolanan malem, Afzal paring semaya dhateng Ian menawi bakal dipunparo malemipun nanging Ian kedhah nengga Afzal rumiyin.. Tuturan menika kalebet guna *regulatori* amargi wonten tuturan menika Afzal ngusahakaken kanca-kancanipun kedhah ndherek menapa ingkang Afzal

ngendikakaken. Migunakaken basa kangge ngontrol tiyang sanes menika kalebet wujud saking guna *regulatori*.

b. Dwibasa tembung rangkep ingkang gadhah guna *represetasional*

Panganggening tembung rangkep wonten dwibasa tembung rangkep ingkang gadhah guna *representasioanal* saged dipunpanggiaken wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks: Afzal, Jenny, Ita, Nayla saweg dolanan mendho-mendhonan, Afzal ingkang ethok-ethokipun dados tukang angon mendho ngandharaken menawi godhong menika pakan dolanan kemawon.

Afzal : ”..... *Ini makanya lombo-lombo*”(Data No.29)

Pethikan ing inggil menika ngemu dwibasa ingkang wonten ing tembung ‘lombo-lombo’. Tembung ‘lombo-lombo’ menika saking basa Jawi dialek banyumasan ingkang tegesipun ethok-thokipun, Tembung ‘lombo-lombo’ menika kalebet dwibasa amargi ‘lombo-lomo’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung *ini* saha tembung *makanya*. *Bab* menika ingkang nyebabaken tembung ‘lombo-lombo’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘lombo-lombo’ menawi dipuntingali saking wujudipun kalebet dwibasa tembung rangkep. Tembung ‘lombo-lombo’ kalebet tembung rangkep amargi wonten ingkang dipunwangsulni pocapanipun inggih tembung ‘lombo’. Tembung ‘lombo’ menika tegesipun ngapusi. Tembung ‘lombo-lombo’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun

wonten tuturan, tembung ‘lombo-lombo’ gadhah ancas kangge ngandharaken katrangan.

Tembung ‘lombo-lombo’ kasebat dipunandharaken nalika Afzal, Jenny, Ita, Nayla saweg dolanan mendho-mendhonan, Afzal ingkang ethok-ethokipun dados tukang angon mendho ngandharaken menawi godhong menika pakan dolanan kemawon. Tuturan menika kalebet guna *representasional* amargi wonten tuturan menika Afzal ngandharaken menawi ngandharaken menawi godhong menika pakan dolanan kemawon. Migunakaken basa kangge paring *informasi* dhateng tiyang sanes menika kalebet wujud saking guna *representasional*.

5) Dwibasa Campur Kode Wujudipun Kelompok Tembung utawa *Frase*

Dwibasa ingkang wujudipun tembung rangkep saged dipunpangguhaken sekawan guna inggih menika guna *instrumental*, guna *representasional* saha guna *imajinatif*. Andharan negengingi dwibasa wujudipun tembung rangkep saged dipuntingali saha dipunwaos ing ngandhap menika.

a) Dwibasa wujudipun kelompok tembung utawa *frase* ngkang gadhah guna *instrumental*

Panganggening *frase* utawa kelompok tembung wonten dwibasa *frase* utawa kelompok tembung ingkang gadhah guna *instrumental* saged dipunpangguhaken wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks: Afzal paring aruh dhaten kanca-kancanipun supados sami nyampur malemipun kados Afzal ingkang sampun nyampur kalih werni malem.

Afzal : ”**ndak papa** *ditumpuk dua kayak aku gini...* (data no.16)

Pethikan ing inggil menika ngemu dwibasa ingkang wonten ing tembung ‘ndak papa’. Tembung ‘ndak papa’ menika saking basa Jawi ingkang tegesipun boten kenging menapa-menapa, Tembung ‘ndak papa’ menika kalebet dwibasa amargi ‘ndak papa’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung *nggak kenapa-kenapa*. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘ndak papa’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘ndak papa’ menawi dipuntingali saking wujudipun kalebet dwibasa kelompok tembung utawa *frase*. Tembung ‘ndak papa’ kalebet kelompok tembung uawa *frase* ngkang kapancak saking tembung ‘ndak’ inggih tembung wancah saha tembung ‘papa’ inggih tembung lingga . Tembung ‘ndak papa’ menika tegesipun boten kenging menapamenapa utawa tanpa alangan. Tembung ‘ndak papa’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahaniun wonten tuturan, tembung ‘ndak papa’ gadhah ancas kangge ngandharaken katrangan.

Tembung ‘ndak papa’ kasebat dipunandharaken nalika Afzal paring pangaribawa dhateng kanca-kancanipun supados sami nyampur malemipun kados Afzal ingkang sampun nyampur kalih werni malem... Tuturan menika kalebet guna *insrumental* amargi wonten tuturan menika Afzal mangaribawa

kanca-kanca. Paring pagaibawa dhateng tiyang sanes supados angsl menapa ingkang dipunkarepaken menika kalebet wujud saking guna *instrumental*.

b) Dwibasa wujudipun kelompok tembung utawa *frase* ingkang gadhah guna *representasional*

Panganggening *frase* utawa kelompok tembung wonten panganggening dwibasa *frase* utawa kelompok tembung ingkang gadhah guna *representasional* saged dipunpanggiaken wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks: Jenny saweg latihan nulis nalika pulpen ingkang dipunginakaken kaliyan jenny telas lajeng boten saged dipunginakaken nulis.

Jenny : ”*Pulpenya ndak masah*” (data no51)

Pethikan ing inggil menika ngemu dwibasa ingkang wonten ing tembung ‘ndak masah’. Tembung ‘ndak masah’ menika saking basa Jawi dialek banyumasan ingkang tegesipun sampun boten medal tintanipun, Tembung ‘ndak masah’ menika kalebet dwibasa amargi ‘ndak masah’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung *sudah habis*. *Bab* menika ingkang nyebabaken tembung ‘ndak masah’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘ndak masah’ menawi dipuntingali saking wujudipun kalebet dwibasa kelompok tembung utawa *frase*. Tembung ‘ndak masah’ kalebet kelompok tembung uawa *frase* ngkang kapacak saking tembung ‘ndak’ inggih tembung wancah saha tembung ‘masah’ inggih tembung lingga . Tembung

‘ndak papa’ menika tegesipun sampun boten medhal tintanipun. Tembung ‘ndak masah’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahaniun wonten tuturan, tembung ‘ndak masah’ gadhah ancas kangge ngandharaken katrangan.

Tembung ‘ndak masah’ kasebat dipunandharaken nalika Jenny saweg latihan nulis nalika pulpen ingkang dipunginakaken kaliyan jenny telas lajeng boten saged dipunginakaken nulis. Tuturan menika kalebet guna *representasional* amargi wonten tuturan menika Afzal mangaribawa kanca-kanca. Paring *informasi* dhateng tiyang sanes supados angsal menapa ingkang dipunkarepaken menika kalebet wujud saking guna *representasional*.

- c) Dwibasa wujudipun kelompok tembung utawa *frase* ingkang gadhah guna *imajinatif*

Panganggening *frase* utawa kelompok tembung wonten panganggening dwibasa *frase* utawa kelompok tembung ingkang gadhah guna *imajinatif* saged dipunpanggiaken wonten pethikan tuturan ing ngandhap menika.

Konteks: Bunda Ida saweg nyinaoni Nabila nalika Rio dhateng lajeng ethok-ethokipun Rio dados kodhok ngorek.

Rio : ”*Hah tuyul? Aku udah jadi tuyul, aku jadi **kodhok ngorek***”(Data No. 52)

Pethikan ing inggil menika ngemu dwibasa ingkang wonten ing tembung ‘kodo ngorek’. Tembung ‘kodhok ngorek’ menika saking basa Jawi ingkang tegesipun swanten kodhok, kelompok tembung ‘kodhok ngorek’

menika kalebet dwibasa amargi ‘kodhok ngorek’ menika *frase* ingkang kasusun saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung *suara katak*. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘kodhok ngorek’ kalebet dwibasa.

Kelompok tembung utawa *frase* ‘kodhok ngorek’ menawi dipuntingali saking wujudipun kalebet dwibasa kelompok tembung utawa *frase*. Tembung ‘kodhok ngorek’ kalebet kelompok tembung uawa *frase* ngkang kapacak saking tembung ‘kodhok’ inggih tembung lingga saha tembung ‘ngorek’ inggih tembung lingga . *frase* ‘kodhok ngorek’ menika tegesipun swanten kodhok. Tembung ‘kodhok ngorek’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan, tembung ‘kodhok ngorek’ gadhah ancas kangge lesan.

Tembung ‘kodhok ngorek’ kasebat dipunandharaken dening Rio nalika Bunda Ida saweg nyinaoni Nabila. Nalika bunda nyinaoni Nabila, Rio dhateng lajeng matur ethok-ethokipun Rio dados kodhok ngorek. Tuturan menika kalebet guna *imjinatif* amargi wonten tuturan menika Rio gadhah pangangen-angen badhe dados tuyul kaliyan dados kodhok ngorek. Damel dunya imajinasi piyambak menika kalebet wujud saking guna *imajinatif*.

b) Dwibasa Wujudipun Alih Kode

Dwibasa wujudipun alih kode menika saged dipunpanggiaken setunggal bahasan inggih menika *klausa* . Dwibasa wujudipun alih kode badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) Dwibasa Alih Kode Wujudipun *klausa*

Dwibasa ingkang wujudipun *klausa* saged dipunpanggihaken gangsal macem guna, inggih menika guna *instrumental*, guna *regulatori*, guna *representasional*, guna *interaksional* saha guna *imajinatif*. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

a) Dwibasa Alih Kode Wujudipun *klausa* guna *instrumental*

Saklajengipun ing ngandhap menika, badhe kaandharaken dwibasa wujudipun *klausa* ingkang gadhah guna *instrumental* ingkang saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Konteks: Rio rebutan anggenipun badhe latian maos kaliyan Nabila ananging *Bunda* Ida ngandharaken menawi menika jatahipun Nabila rumiyin, ananging Rio tetep usaha supados saged latian maos rumiyin.

Rio : "Aku *dulu*"
 BI : "Mbak Nabila *dulu* mas Rio"
 Rio : "***Tadi aku ini, kayane nyong urung, nyong kiye***"
 BI : "Nggih" (Data No.56)

Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Ri. Tuturan Ri "***tadi aku ini, kayane nyong urung, nyong kiye***" ingkang ngemu kalih basa inggih basa Jawi saha basa Indonesia ingkang dipunginakaken gantosan. Tuturan Ri wonten ing inggil menika kapanggihaken kalih *klausa* ingkang basanipun sami beda ingkang '*tadi aku ini*' menika saking basa Indonesia saklajengipun

perangan ‘kayane nyong urung, nyong kiye’ menika saking basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken data tuturan menika kalebet dwibasa.

Perangan tuturanipun Ri inggih menika ‘*tadi aku ini*’ menika kangge ngandharaken dhateng lawan tuturanipun Ri inggih menika BI menawi Ri ngresakaken menawi latiyane maosipun saking peranan ingkang dipun pilih dening Ri. Menawi peranan ‘kayane nyong urung, nyong kiye’ menika kangge nguataken menapa ingkang sampun dipunpilih dening Ri supados BI ngeparengaken Ri.

Menawi dipuntingali saking *konteks* tuturanipun data tuturan menika ngemu guna *instrumental*, amargi data tuturan menika gadhah ancas ngginakaken basa supados panutur pikantuk saking sanesipun. Wonten tuturan menika Ri migunakaken tuturan menika supados BI ngeparengaken Ri nglampahi latiyane maos saking peranan ingkang dipunpilih dening Ri kiyambak.

b) Dwibasa Alih Kode Wujudipun *klausa* guna *regulatori*

Saklajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa wujudipun *klausa* ingkang gadhah guna *regulatori* ingkang saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Konteks: Ian ningalaken dolanan ingkang dipundamel dening Ian dhateng Afzal, nalika ian ningalaken dolananipun Afzal badhe ngrebut dolananipun.

Ian : ”*Liatin Sal, liatin ini Sal. Aja kiye ndeke nyong*”(Data No.60)

Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Ia ingkang ngemu kalih basa wonten satunggaling tuturan inggih basa Jawi saha basa Indonesia ingkang dipunginakaken gantos. Tuturan Ia wonten ing inggil menika kapanggihaken kalih *klausa* ingkang basanipun sami beda ingkang perangan ‘*liatin* Sal, *liatin ini* Sal’ menika perangan ingkang saking basa Indonesia saklajenganipun ‘aja kiye ndeke nyong’ menika perangan ingkang saking basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken data tuturan menika kalebet dwibasa.

Perangan ‘*liatin* Sal, *liatin ini* Sal’ menika kangge ningalaken dhateng Af menawi Ia gadhah dolanan enggal. Saklajengipun perangan ‘aja kiye ndeke nyong’ dipunginakaken dening Ia kangge njaga dolananipun Ia supados Af boten ngrebut dolananipun Ia ingkang taksih enggal.

Data menika kalebet guna *regulatori* amargi data tuturan menika gadhah ancas kangge paring aruh dhateng tiyang sanes supados tiyang sanes menika ndherek kaliyan menapa ingkang dipuntuturaken. Wonten tuturan menika Ia migunakaken tuturan menika supados Af boten ngrebut dolananipun Ia ingkang taksih enggal.

c) Dwibasa Alih Kode Wujudipun *klausa* guna *representasional*

Saklajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa wujudipun *klausa* ingkang gadhah guna *representasional* ingkang saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Konteks: Rio kalawingi nembe mawon tumbas bantal *angry bird* kaliyan bapakipun lajeng Rio nyariosaken dhateng Buinda Ida ngengingi menika.

Rio : ”**Aku wingi tumbas *angry bird***”
 BI : ”Teng pundi le tumbas?”
 Rio : ”Bawang”
 BI : ”Kalih sinten le tumbas?”
 Rio : ”Bapak”
 BI : ” *Angry bird* nopo? Meja apa kursi?”
 Rio : ”***Bukan anu yang bisa dikepi***” (Data No.55)

Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Ri ingkang ngemu kalih basa inggih basa Jawi saha basa Indonesia ingkang dipunginakaken gantosan. Data tuturan Ri”aku wingi tumbas *Angry bird*” menika perangan ingkang saking basa Indonesia saklajenganipun ”*bukan anu yang bisa dikepi*” menika perangan ingkang saking basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken data tuturan menika kalebet dwibasa.

Data tuturan Ri”aku wingi tumbas *angry bird*” dipunginakaken dening Ri kangge nyariosaken dhateng BI menawi Ia kala wingi nembe tumbas *angry bird*, perangan ingkang saklajengipun perangan ”*bukan anu yang bisa dikepi*” dipunginakaken dening Ia kangge ngandharaken *angry bird* menapa ingkang dipun tumbas dening Ia.

Data tuturan wonten ing samping menika ngemu guna *representasional* amargi data tuturan menika ngemu guna paring informasi. Wonten data tuturan menika Rio kalawingi nembe mawon tumbas bantal

angry bird kaliyan bapakipun lajeng Rio nyariosaken dhateng *Buinda* Ida ngengingi menika.

d) Dwibasa Alih Kode Wujudipun *klausa* guna *interaksional*

Saklajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa wujudipun *klausa* ingkang gadhah guna *interaksional* ingkang saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Konteks: Afzal saweg latian maos kaliyan *bunda* Ida, Rio dhateng lajeng ganggu anggenipun Afzal latian maos.

Rio : ”***Aku yang kodhok nyanyinya, kiye mbok kodhok ya?***”
(Data No.58)

Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Ri ingkang ngemu kalih basa inggih basa Jawi saha basa Indonesia ingkang dipunginakaken gantosan. Perangan ingkang Ri”*aku yang kodhok nyanyinya.*” menika ingkang saking basa Indonesia saklajenganipun peranan Ri”.. *kiye mbok kodhok ya?*” menika ingkang saking basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken data tuturan menika kalebet dwibasa.

Perangan ingkang Ri”*aku yang kodhok nyanyinya.*” Menika dipunginakaken dening Ri kangge ngandharaken menapa ingkang dipunpilih dening Ri saklajengipun peranan ingkang setunggalipun inggih Ri”.. *kiye mbok kodhok ya?*” dipunginakaken dening Ri kangge nyuwun priksa dhateng BI menapa ingkang wonten buku ingkang damel latian maos.

Menawi dipuntingali saking *konteks* tuturipun data tuturan menika ngemu guna *interaksional*. Amargi tuturan menika ngemu ancas ngawontenaken interaksi kaliyan tiyang sanes. Wonten data tuturan menika Ri ngawontenaken prastawa tutur supados angsal tanggapan saking lawan tuturipun.

e) Dwibasa Alih Kode Wujudipun *klausa* guna *imajinatif*

Saklajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa wujudipun *klausa* ingkang gadhah guna *imajinatif* ingkang saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Konteks: Nayla saha kanca-kancanipun dolanan mendho-mendhonan ethok-ethokipun Nayla saha Afzal dados ingkang gadhah mendho.

Nayla : ”**Carane ana sing mbukak ya**”

Afzal : ”Karo ana mau *jalan-jalan* ya”

Nayla : ”**Trus Afzal sama Ita lagi batuk koh, sana di bawah pohon kalo bisa**” (Data No.59)

Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa wujudipun alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Nay ingkang ngginakaken basa Jawi kaliyan basa Indonesia kanthi gantosan wonten tuturanipun. Perangan Nay”carane ana sing mbukak ya” menika perangan saking basa Jawi ingkang saklajengipun perangan Nay”trus Afzal *sama Ita lagi batuk koh, sana di bawah pohon kalo bisa*” menika ingkang saking basa Indonesia. Bab menika ingkang nyebabaken data tuturan menika kalebet dwibasa.

Perangan Nay ”carane ana sing mbukak ya” dipunginakaken dening Na kangge nggambaraken menapa ingkang wonten pikiranipun Na.

saklajengipun perangan ingkang setunggalipun inggih Nay”trus Afzal *sama* Ita lagi batuk koh, *sana di bawah pohon kalo bisa*” kangge ngandharaken menapa ingkang wonten pikiranipun Na ananging bedanipun kaliyan perangan sepiusan wau perangan menika migunakaken basa Indonesia supados Af saha It langkung mudeng kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Na.

Dipuntingali saking *konteks* tuturipun data tuturan menika kalebet guna *imajinatif* amargi tuturan menika gadhah ancas nggambaraken menapa ingkang dereng wonten menapa dereng kadaean. Wonten data tuturan menika Na ingkang gadhah pikiran ngengingi gambaran dolanan ingkang saweg dipunlampahi kaliyan kanca-kancanipun.

2. Bab Ingkang Ndayani Panganggening Dwibasa

Panganggening basa boten saged dipunpisahaken kaliyan kaprigelan bebasan. Kaprigelan bebasan inggih menika karigelan manungsa kangge migunakaken basa. Kaprigelan basa menika dipunpangaribawa dening menapa ingkang wonten papan sakiwa tengenipun manungsa gesang. Saksampunipun panaliti nglampahi wawanrembag kaliyan tiyang sepuhipun, wonten siswa PAUD menika, dipunperangaken sekawan bab ingkang paring pangaribawa anggenipun kaprigelan bebasan. Inggih menika tiyang sepuh, papan sakiwa tengenipun griya, pasinaonan wonten sekolah saha menapa ingkang dados *hobi* utawi ingkang dipunremeni.

Wonten ing ngandhap menika, badhe dipunandharaken menapa kemawon ingkang saged ndayani panganggening dwibasa dening siswa

PAUD KB AL Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara.

a. Tiyang Sepuh

Saksampunipun panaliti nglampahi wawanrembag kaliyan tiyang sepuhipun siswa PAUD KB Al Azhar, sakperangan ageng saking tiyang sepuhipun sisawa PAUD KB Al Azhar menika aslinipun saking Jawa Tengah kemawon khususipun saking Kabupaten Banjarnegara kemawon. Tingkat pendidikan tiyang sepuhipun kapanggihaken maneka warni wonten ingkang lulusan SLTP kemawon wonten ugi ingkang anggadhah gelar *strata 1* utawi *sarjana*. Menawi dipuntingali saking padamelanipun, sakperangan ageng tiyang sepuh siswa menika padamelanipun inggih *wiraswasta*.

Panganggening basa wonten dalemipun siswa sedaya migunakaken basa Jawi dialek Banyumasan, ingkang sakperangan agengipun migunakaken tingkat tutur ngoko. Ananging wonten sakperangan siswa tuladhanipun siswa ingkang asmanipun Afzal menika migunakaken basa Jawi kacampur kaliyan basa Indonesia nalika sesrawungan wonten griyanipun.

b. Papan Sakiwa Tengenipun Griya

PAUD KB Al Azhar menika mlebet wonten wewengkon Desa binorong ingkang siswanipun sakperangan ageng tiyang asli Desa Binorong kemawon. Desa Binorong menika mlebet wonten Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara, menika nyebabaken basa ingkang dipunginakaken dening masarakat Desa Binorong menika basa Jawi dialek Banyumasan.

Masyarakat Desa Binorong menika taksih migunakaken basa Jawi kangge basa sesrawungan padintenan.

c. Sekolah

PAUD KB Al Azhar menika PAUD ingkang konsepipun *agamis* tradisional. Wonten pasinaonanipun guru PAUD Al Azhar menika asring migunakaken basa Indonesia kacampur basa Jawi, ananging wonten dinten Kemis pasinaonanipun migunakaken basa Jawi kemawon. Basa Indonesia dipunginakaken amargi taksih kathah bab utawi materi pasinaonan ingkang sisah dipunandharaken menawi migunakaken basa Jawi.

d. *Hobi* utawi Bab Ingkang Dipunremeni

Siswa PAUD KB Al Azhar menika sami kaliyan lare ingkang yuswanipun sekawan tahun sanesipun. Siswa-siswa menika gadhah *hobi* maneka warni wonten ingkang remen mernani gambar, nggambar, nyanyi, pit-pitan ngantos wonten ingkang remen masak. Ananging wonten ingkang dipunsayangaken bilih ingkang *hobinipun* nyanyi menika. Anggenipun nyanyi menika nyanyi ingkang basanipun basa Indonesia.

Siswa PAUD KB Al Azhar menika ugi remen kaliyan *film anak* kadastha Upin Ipin, Doraemon, Shaun The Sheep, Power Ranger. Film menika wau sedayanipun migunakaken basa Indonesia ingkang dados dialog pawicantenanipun. Saksampunipun mriksani acara-acara menika lare-lare biasanipun lajeng nirokaken menapa ingkang wonten acara menika, inggih dialogipun saha tingkah polahipun.

Saking andharan wonten inggil menika saged dipunpendhet dhudutanipun, bilih panganggening dwibasa dening siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara menika angsal pangaribawa saking sekawan bab. Inggih menika daya aruh saking tiyang sepuhipun, saking papan sakiwa tengenipun griya, daya aruh saking tiyang wonten sekolah, saha saking menapa ingkang dados *hobi* ingkang dipunremeni.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaganipun ingkang sampun dipunandharaken, saged dipunpendhet dudutanipun ing ngandhap menika. Dudutanipun inggih menika wonten jumbuhipun antawisipun menapa ingkang dipuntliti kaliyan teori dwibasa, mliginipun wujud dwibasa, guna dwibasa saha *faktor* ingkang ndayani panganggening dwibasa ingkang kathah dipunpanggiaken ing siswa PAUD KB Al Azhar desa Binorong kecamatan Bawang kabupaten Banjarnegara. Wujud, guna saha *faktor* pangaribawa panganggening dwibasa saged dipunbetahaken ing panaliten menika, supados saged nyengkuyung ing pirembagan panaliten.

Dudutan saking panaliten badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Wujud dwibasa ingkang dipunpanggiaken ing siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara inggih menika campur kode saha alih kode, ingkang campur kode arupi tembung saha *frase*. Tembung saged dipunperang dados gangsal inggih menika tembung lingga, tembung andhahan, tembung rangkep, tembung camboran, saha tembung wancahan. Bilih ingkang alih kode arupi ewah-ewahan basa wonten *klausula*.
2. Guna dwibasa ingkang dipunpanggiaken ing siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara menika wonten guna *instrumenal*, guna *regulatori*, guna *representasional*, guna *interaksional*, guna *personal*, guna *heuristik*, guna *imajinatif*.

3. Panganggening dwibasa dening siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara menika angsal pangaribawa saking sekawan *faktor*. Sekawan *faktor* inggih menika tiyang sepuh, papan sakiwa tengenipun griya, pasinaonan wonten sekolah saha menapa ingkang dados *hobi* utawi ingkang dipunremeni.

B. Pamrayogi

Adhedhasar asiling dudutan panaliten ing nginggil, panaliti badhe ngandharaken pamrayogi. Pamrayogi kasebut inggih menika.

1. Panganggening dwibasa ing siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara menika tasih saged dipunkrembakaken malih, amargi taksih kathah kekirangan ing panaliten menika.
2. Panaliten tumrap Panganggening dwibasa menika namung ngandharaken wujud, guna saha babingkang ndayani panganggening dwibasa kanthi *deskriptif*. Awit saking menika, kedah dipunandharaken malih panaliten ingkang sanesipun kanthi ngginakaken *analisis* ingkang sami utawi beda.

C. Implikasi

Asiling panaliten menika nedahaken bilih wonten siswa PAUD KB Al Azhar Desa Binorong Kecamatan Bawang Kabupaten Banjarnegara kathah dipunginakaken dwibasa, mliginipun dwibasa basa Indonesia kacampur basa Jawi utawi basa Jawi kacampur basa Indonesia. Panaliten menika dipunkajengaken saged nyukani *kontribusi* kangge pendidikan mliginipun pendidikan bebasan, supados paraga pendidikan ingkang maos saged mangertos menapa kemawon

wujud saha guna dwibasa, mliginipun panganggening dwibasa siswa PAUD KB
Al Azhar desa Binorong

Kangge mahasiswa Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNY, asiling
panaliten menika saged dipundadosaken ngelmu ing bab dwibasa. Kangge pamaos
saha asiling panaliten menika saged dipunginakaken dados *referensi* kangge
panaliten sanesipun bab panganggening dwibasa.

KAPUSTAKAN

- Alwi, Hasan. 2003. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik pengenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Fasold, Ralph. 1984. *The Sociolinguistics of Society*. Washington: Georgetown University
- Halliday dan Ruqaiya Hasan. 2004. (Terjemahan Barori Tau). *Bahasa, Konteks, dan Teks Aspek-aspek dalam Pandangan Semiotik Sosial*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Hastuti P.H, S 1989. *Sekitar Analisis Kesalahan Berbahasa Indonesia*. Yogyakarta: PT Mitra Gama Widya.s
- Leech, Geoffrey. 1993. Prinsip-prinsip Pragmatik (*Terjemahan Principles of Pragmatics*) oleh Indrajai Pudji Lestari. Jakarta : PT Gramedia Pustaka Utama)
- Masykuroh, Qonitah. 2005. “*Language Use at Al-Amin Children Islamic Boarding School in Sukoharjo, Central Java (A Case Study)*”. *Kajian Linguistik dan sastra*. vol. 17 No 102-108. Surakarta: Universitas Muhammadiyah Surakarta.
- Moleong, L.J. 1988. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Jakarta : Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Dirjen Dikti Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan dan Tenaga Kependidikan.
- Moeliono, Anton M. (Peny.). 1988. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Cetakan Pertama. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia.
- M.S, Prof. Dr. Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. jakarta : Rajawali Pers.
- Nababan, P. W.J. 1984. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Gramedia.
- _____. 1992. *Survey kedwibahasaan di Indonesia*. Jakarta: Depdikbud.
- Nurhayati, Endang dan Mulyani, Siti. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Pateda, M. 1990. *Sosiolinguistik*. Bandung : Angkasa.
- Poedjosoedarmo, dkk. 1979. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Depdikbud Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: JB. Wolters Uitgevers Maatschappij.

- Sudaryanto. (1993). *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguistik. Yogyakarta : Duta Wacana Universitas Press.
- Sumarsono, dan Paina Partana. 2002. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta : SABDA dan Pustaka Pelajar.
- _____. 2002. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta :SABDA dan Pustaka Pelajar.
- Suwandi, Sarwiji. 2008. *Serbalinguistik (mengupas berbagai praktik berbahasa)*. Surakarta: LPP UNS dan UNS ^{Dracs}
- Suwito. 1983. *Pengantar Awal* ⁹¹ *inguistik Teori dan Problema*. Surabaya: Henary Offset.
- Weinreich, U. 1953. *Languages in contact*. New York : Columbia University.
- Wibawa, Sutrisna dkk. 2004. *Buku Pegangan Kuliah Mata Pelajaran Bahasa Jawa*. Yogyakarta : Pendidikan Sekolah Dasar Fakultas Ilmu Pendidikan Universitas Negeri Yogyakarta

LAMPIRAN

Tabel 3.0 Analisis wujud saha guna panganggening dwibasa dening siswa PAUD KB Al Azhar

No	Konteks	Data	Wujud Dwibasa			Guna Dwibasa							Indikator
			CK		AK	Ins	Re	Rp	Int	Pe	He	Im	
			Tb	KT									
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
1.	Ita paring kethokan malem kangge tuladha nyuwun dhateng Nayla supados purun maringi malemipun.	Ita : ”Anu sepethil kayak <i>gini</i> , sepethil ya mbak Nayla”	√			√							- Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘ <i>gini</i> ’ saking basa Indonesia ingkang kacampur panganggenipun kaliyan tembung ‘sepethil’, ‘kayak’, ‘anu’ ingkang tembung saking basa Jawi - Saking tegesipun tembung, tembung ‘ <i>gini</i> ’ menika tembung <i>turunan</i> saking tembung <i>begini</i> ingkang tegesipun inggih ‘kados menika’ wonten basa Jawi - Tembung ‘ <i>gini</i> ’ menika saking tembung <i>ini</i> ingkang angsal ater-ater <i>be-</i> dados

													<i>begini</i> ananging wonten fonem <i>be</i> ingkang dipunicalaken. - Dwibasa ingkang wonten data menika kalebet guna <i>instrumental</i> amargi tuturan menika gadhah ancas supados panutur saged angsal menapa ingkang dipunpengini.
2.	Nayla, Afzal, Ita saha Ian saweg dolanan malem Nayla nyuwun dhateng Afzal supados boten nyampur werna malemipun.	Na : “ <i>Ini aja dicampur ya sal</i> ”	√				√						- Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘aja’ ingkang tembung saking basa Jawi dipunginakaken kacampur kaliyan tembung basa Indonesia inggih tembung <i>ini</i> saha <i>dicampur</i>. - Saking tegesipun tembung, tembung ‘aja’ menika tegesipun ‘boten keparengaken’. - Tembung ‘aja’ wonten tuturan menika basa Jawi saking dialek banyumasan titikanipun saking caranipun panutur inggih Na

													mocapaken tembung ‘aja’. - Dwibasa inkang wonten ing data menika kalebet guna <i>regulatori</i> amargi tuturan saking Na menika gunanipun damel lawan tuturipun inggih Af ndherek menapa ingkang dipuntuturaken dening Na.
3.	Ian kaliyan Afzal dolanan malem lan ethok-ethokipun damel ulam goreng, saklajengipun wonten pawicantenan ingkang ethok-ethokipun Ian ingkang masak lajeng Afzal ingkang neda ulam gorengipun.	Ri : ” <i>Ayamnya enak? Jere enak?</i> ”	√								√		- Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘jere’ ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung <i>ayamnya</i> saha tembung <i>enak</i> . - Saking tegesipun menika tembung ‘jere’ inggih gadah teges ‘menapa ingkang sampun dipuntuturaken’. - Tembung ‘jere’ menika sami tegesipun ksliysn tembung ‘jare’. Tembung menika kalebet tembung saking dialek banyumasan - Dwibasa inkang wonten ing data menika kalebet guna

													heuristik. Menika saged dipuntingali saking tuturan menika, tuturan saking Ian menika gadhah ancas kedah angsal wangsulan saking lawan tuturipun inggih menika Af.
4.	Afzal damel sawer-saweran saking malem lajeng Afzal meden-medeni Ita kaliyan sawer-saweran menika.	Af : ”Hayo ulere <i>makan</i> ita”	√									√	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘ulere’ ingkang dipunginakaken wonten tuturan menika kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung <i>makan</i>. - Saking tegesipun tembung ‘ulere’ menika tegesipun inggih ngandharaken menawi menapa ingkang dipunastha dening Af menika ethok-ethokipun uler. - Dwibasa ingkang wonten ing data menika kalebet guna <i>imajinatif</i> ingkang saged kapanggihaken saking konteks tuturipun ingkang gadah ancas damel kahanan

													<i>imajinatif</i> kanthi damel sawer-saweran.
5.	Ita nangepi godanipun afzal kanthi ethok-ethokipun ita ajrih kaliyan sawer-saweran ingkang dibeto Afzal.	It : ” <i>Iya.. ulere dibuang aja nakal hiiii</i> ”	√						√				- Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘ulere’ saha tembung ‘aja’ ingkang dipunginakaken wonten tuturan menika kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung <i>iya</i>, tembung <i>dibuang</i> saha tembung <i>nakal</i> - Saking tegesipun tembung ‘ulere’ menika tegesipun inggih ngandharaken menawi menapa ingkang dipunastha dening Af menika ethok-ethokipun ulersaklajengipun tembung ‘aja’ menika tegesipun inggih ‘boten ngeparengaken’. - Dwibasa inkang dipunpanggihaken wonten ing data menika kalebet guna <i>interaksional</i>, menika saged kapanggihaken saking konteks tuturipun ingkang

													ancaspun inggih nanggepi menapa ingkang dipuntuturaken dening lawan tutur.
6.	Nayla ngandharaken menawi ethok-ethokipun saweg damel empanipun sawer.	Na : ”Carane nyong agi bikin empane ya sal?”	√					√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa ingkang wujudipun campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘<i>bikin</i>’ ingkang tembung saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa indonesia inggih tembung ‘carane’, ‘nyong’, ‘agi’ saha ‘empane’. - Menawi dipuntingali saking tegesipun tembung ‘bikin’ menika gadhah teges ‘damel’ wonten basa Jawi. - Saking konteks tutur data tuturan menika dipunpanggihaken menawi data menika kalebet guna <i>representasional</i> amargi data tuturan menika gadhah ancas ngandharaken <i>informasi</i> dhateng panutur sanes.

7.	Rio badhe ngampil peso ingkang saweg dipungginakaken dening Nayla ananging Nayla boten ngeparengaken	Na : ”Nanti dulu ini tok lagi buat empanya ”	√				√						- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibaa ingkang wujudipun campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘empanya’ tembung saking basa Jawi ingkang angsal panambangng <i>-nya</i> saking basa Indonesia saha nalika panganggening menika kacampur kaliyan tembung saking basa indonesia inggih menika tembung ‘<i>nanti dulu</i>’, ‘<i>ini</i>’, ‘<i>buat</i>’ saha ‘<i>lagi</i>’. - Saking tegesipun tembung ‘empanya’ menika saking tembung ‘empan’ ingkang tegesipun inggih pakanan kangge kewan. - Data menika kalebet guna <i>regulatori</i> amargi data tuturan menika gadhah ancas kangge paring aruh dhateng tiyang sanes supados tiyang sanes menika ndherek kaliyan menapa ingkang dipuntuturaken, wonten tuturan menika Na paring
----	--	--	---	--	--	--	---	--	--	--	--	--	---

													aruh dhateng Ia.
8.	Nayla matur dhateng Afzal menawi malem ingkang badhe dipunpendhet dening Afzal menika malem ingkang badhe dipundamel dening Nayla dados pakan- pakanan sawer.	Na : "ini li buat bikin empan ularnya sa!"	√				√						- Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung 'empan' saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung 'ini', 'buat', 'bikin', saha 'ularnya'. - Dipuntingali saking tegesipun tembung, tembung 'empan' menika tegesipun inggih pakanan kangge kewan. - Data menika kalebet guna <i>regulatori</i> amargi data tuturan menika gadhah ancas kangge paring aruh dhateng tiyang sanes supados tiyang sanes menika ndherek kaliyan menapa ingkang dipuntuturaken, wonten tuturan menika Na paring aruh dhateng Ia supados Ia menika ndherek kaliyan pepinginanipun Na.

9.	Afzal nggenahaken dhateng Nayla menawi Ian uga saged damel empan-empanan saking malem.	Af : ” ndak papa ian li <i>juga bisa bikin</i> empan uler”		√			√						- Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘ndak papa’ kelompok tembung saking basa Indonesia ingkang sejatosipun saking tembung ‘ <i>tidak</i> ’ saha tembung ‘ <i>apa</i> ’ kenging proses <i>akulturasi</i> kaliyan basa Jawi saengga rubah bentukipun dados ‘ndak papa’ - Menawi dipuntingali saking tegesipun tembung, kelompok tembung ‘ndak papa’ kaanggit saking tembung ‘ndak’ ingkang tegesipun ‘boten’ saha tembung ‘papa’ ingkang tegesipun ‘menapa’ saengga tembung ‘ndak papa’ menika kagungan teges ‘boten menopo-menopo’ - Data menika kalebet guna <i>regulatori</i> amargi data tuturan menika gadhah ancas kangge paring aruh dhateng tiyang sanes supados tiyang
----	--	---	--	---	--	--	---	--	--	--	--	--	--

												sanes menika ndherek kaliyan menapa ingkang dipuntuturaken, wonten tuturan menika Af paring aruh dhateng Na supados ngeparengaken Ia damel pakan-pakanan sawer saking malem .
10.	Afzal paring aruh dhateng Nayla supados Ian uga saged damel pakan-pakanan saking malem.	Af : ”Ndak papa Ian li <i>juga bisa bikin empan</i> uler”	√				√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘empan’ ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung <i>juga, bisa</i> saha <i>bikin</i>. - Dipuntingali saking tegesipun tembung, tembung ‘empan’ menika tegesipun inggih pakanan kangge kewan. - Tembung ‘empan’ menika wujud variasi basa, tembung ‘empan’ menika tembung dialek saking dialek banyumasanan - Data menika kalebet guna

													regulatori amargi data tuturan menika gadhah ancas kangge paring aruh dhateng tiyang sanes supados tiyang sanes menika ndherek kaliyan menapa ingkang dipuntuturaken, wonten tuturan menika Af paring aruh dhateng Na supados ngeparengaken Ia damel pakan-pakanan sawer saking malem.
11.	Afzal, Ian, Nayla kaliyan ita saweg dolanan malem, Ian mboten pareng dolanan malem dening Nayla ananging Ian dipunbela kaliyan Afzal.	Af : “Anu Ian <i>juga bikin empan</i> uler ya”	√						√				- Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘empan’ ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia inggih menika tembung <i>juga, bisa</i> saha <i>bikin</i>. - Dipuntingali saking tegesipun tembung, tembung ‘empan’ menika tegesipun inggih pakanan kangge kewan. - Tembung ‘empan’ menika wujud variasi basa, tembung

												‘empan’ menika tembung dialek saking dialek banyumasanan - Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun data tuturan menika ngemu guna <i>interaksional</i>. Amargi tuturan menika ngemu ancas ngawontenaken interaksi kaliyan tiyang sanes, wonten data menika wonten Af ingkang n gawontenaken interaksi kaliyan Ia.
12.	Ifa matur dhateng Afzal supados Afzal purun mbagi dolanan malemipun, supados kanca-kancanipun saged dolanan malem ugi.	It : ” <i>Nanti dibagi-bagi</i> ya sal, maleme ya sal”	√					√				- Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘maleme’ tembung basa jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa indonesia inggih tembung <i>nanti</i> saha tembung <i>dibagi-bagi</i>. - Saking tegesipun tembung ‘maleme’ inggih menika dolanan saking <i>plastisin</i> ingkang saged dipundamel wujud-wujud kathah.

													- Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu guna <i>representasional</i> amargi data tuturan menika gadhah ancas ngginakaken basa kangge maringi <i>informasi</i> kangge tiyang sanes. Wonten mriki It ingkang paring informasi dhateng Af.
13.	Afzal ngandharaken bab kahananipun sawer-saweranipun dhateng kanca-kancanipun.	Af : ”Ya <i>ulernya ndak keluar lagi tidur</i> koh lah”	√					√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘ndak’. Tembung ‘ndak’ menika sejatosipun saking tembung basa Indonesia inggih menika tembung <i>tidak</i> ananging wonten proses <i>akulturasi</i> basa saengga rubah dados ‘ndak’ - Tembung ‘ndak’ menika sami tegesipun kaliyan tembung boten wonten basa Jawi. - Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu guna

